The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 6 "Nokuti Mwari haana kutipa mweya wokutya, asi mweya wesimba, noworudo nowokuzvidzora" [1 Timoti 1:7] 2010

Mutemo WaMwari Wemutsurudzo Ndowechokwadi

Na Armin Gesswein

Pane mutemo weMutsurudzo watinoratidzwa muBhaibheri Shoko raMwari. Mutemo uyu ndowechokwadi uye unoshamisa nokukatyamadza zvikuru. Izarura meso [une ungwaru] uyezve unoshanda zvamandorokwati [ndokunge kana tikanyatsoutevera]. Ishe Jesu vakasimbidzira mutemo uyu kwatiri pavakange vonopeta ushumiri hwavo paino nyika. Vachitaura nezvoMweya Mutsvene [kuvadzidzi vavo] vanoti ivo:

"Asi ndiri kukutaurirai chokwadi kuti: Zvakakunakirai kuti ini ndave kuenda. Kana ndikasaenda Munyaradzi haangauyi kwamuri; asi kana ndikaenda, ndichamutumira kwamuri. Kana asvika achapa nyika mhosva pamusoro pechivi napamusoro pokururama nokutongwa: pamusoro pechivi nokuti vanhu havatendi kwandiri; pamusoro pokururama nokuti ndiri kuenda kuna Baba kwamusingazondionizve, uye pamusoro pokutongwa nokuti muchinda wenyika ino atotongwa" [Johane 16:7-11].

Heunoi muenzaniso wamandorokwati wezvinoitika kana Mweya Mutsvene akauya musimba remutsurudzo. Ndino urombo kuti kwenguva yakareba ndaingopumbuta pamusoro peshoko iri rokuti *"kwamuri"*. Asika, shoko iri ndiro muzarura zvose uye hatifaniri kuri pukunyutsa.

Ishe Jesu vari kuti ivo: Kana ndikatumira Mweya Mutsvene ***"kwamuri"*** [kutanga].... ***Kwamuri*** imi vanhu vangu...***kwamuri*** imi vaKristu vanhu vaMwari..."***kwamuri***" imi Kereke yangu....ndipo pandichapa [kubudikidza nemi] nyika [avo vasiri vaKristu] mhosva pamusoro pokururama, kutongwa nechivi.

Chiriporipocho taswededzwa kumatare edenga. Mweya Mutsvene ndivo Mumirariri waMwari uye anotokonyera mizwa yedu muringiriro rokutongwa. Mabasa omweya Mutsvene ari paviri. Ndiwo anotipa mutemo weMutsurudzo watingangodomerera sezvizvi:

Mweya Mutsvene anopa mhosva yechivi kuvasiri vaKristu zvinoenderana nokushanda kwake zvinesimba muvaKristu mudziKereke dzedu.

Vasina kutendeuka vanovavarira ruponiso chete kana vaKristuwo vakanzwa vane nyota yokuponeswa.

Kana vaKristu vakanzwa vane nyota yokuda Mweya Mutsvene, vatadziwo vanonzwa vane nyota yokuda Jesu Kristu.

Kereke inofanira kutambudzikira nyika kana ichida kuti nyika nayowo itambudzikire Kereke. [Kandiro enda kandiro dzoka nhai?]

Vatadzi vanotatsurana nezvivi zvavo chete zvichienderanawo nokuti vaKristu vari kunzwa sei nezvivi zvavowo.

Kana vaKristu vakatendeuka, navowo vatadzi vanotendeuka.

Vatadzi vanozonyengetera chete nokutsvaga Mwari kana vatsvene vakatanga ivo pachavo.

Vatadzi vanongozo "zvarwa patsva" kwoMweya Mutsvene chete kana vatsvene vakazvinzwa vane mutoro, uye vagovazvara muminyengetero.

Kana vakristu vakazadziwa nemweya Mutsvene, vatadziwo navo vanonzwa mhosva

Yezvivi vagozotendeukira kuna Kristu.

Kana Mutsurudzo ine simba muKereke, Mharidzo ichava nesimbawo kuvari munyika.

Kana vaKristu vakafamba muchiedza, vatadzi vachaona ichi chiedza [chaKristu] mavari uye kubudikidza navo.

Kana vaKristu vakashinga kutarirana namagwaro anechokuita neutsvene, kushambidzika pazvivi, utsvene, kurarama upenyu hwokukunda nekuzvitsaura, vatadzi navowo vachazotarirana neshoko maringe nechijana chavo chokuponiswa.

Kuzvipa mhosva yechivi, ndiyo hoko huru yeMutsurudzo yezvokwadi. Kusawanikwa kwaizvozvi iratidzo huru yenzara yatinayo.

Mumanzwi mashomana tingangoti isu, Munondo woMweya unocheka kwose, uye pamutsurudzo unocheka

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

mativi ose: Unounza kutendeuka ne*Mutsurudzo* mudziKereke, ukuwo uchiunza kutendeukira kuna Kristu kune samba *Muivhangeri* yedu.

Nezuva RePendakosti.... Mabasa 2

Mweya Mutsvene paakauya zvine simba pazuva rePendakosti, akashandisa "mutemo" uyu sokureva kwaIshe Jesu panaJohane 16:7-11. Kanapo Jesu akange ataura zviri pachena, hapana akange achifungira kuti zvaizoitika saizvozvo. Mune zvishamiso neminana muMutsurudzo yechokwadi. Asika zvinotibatsirawo sei kuziva kuti Mwari vanochengetedza Shoko ravo, vanozadzikisa zvivimbiso zvavo,uye vagotakurira zvirevo zvavo kusvika kumagumo. Ndozvavanoita, uye ndozvavari. Mwari vedu vanoshamisa. Havagumburi. Vanoziva, vagotaura zvichaitika, uye vagozoteverera sokutaura nokuronga kwavo. Mwari vedu vanorevesa. Hapana "zvichida" kana "zvingango" pana Mwari vedu. Tinovimba navo kuchengetedza Shoko [nezvivimbiso] zvavo.

Ndiwo marukiro aanotevera muMutsurudzo yechokwadi, uye nesuwo tinofanira kuita saizvozvo. Nguva zhinji tinodhibha nokunyura kana tikaidza kushandura nokunatsurudza zvavakaronga! Hatisiri pano kuzoudza Mwari zvokuita. Vakatiudza zvavanoda kuita, uye neizvo zvavanoda tiite.

Munyengetero ndicho chokutanga panaMwari. Chokutanga chakaitiwa neMweya Mutsvene pazuva rePendakosti kuwira paimba yapamusoro, akazadza vane zana namakumi maviri vaive pamwe chete "vakabatana pakuramba nokunyengetera". Akange atotanga Kereke yomuTestamende Itsva, yomunyengetero, uye akadavirawo minamato yavo nesimba raibva kumusoro, sokuverenga kwatinoita mubhuku yaMabasa avapositori. Pakarepo Ishe Jesu vanotipa icho chakakosha kukereke "Ungano Yemunyengetero". Yaive isina saruro! Yaive yomunhu wose!

Ndizvo zvaive zvarehwa naJesu! Zvichingori saizvozvo nanhasi! Ndicho chakava mutanga chivakwa uye chikatara nzira yokuPendakosti.

"Ungano Yomunyengetero ndiyo kiyi yeMutsurudzo kubva pazuva iroro kusvika nhasi— kubva paguta reJerusarema kusvika kumagumo enyika uye kusvika Jesu vachidzokazve" [Mabasa 1:8,14].

Kuvadzidzi vaive vakananga kuUngano Yomunyengetero Ishe Jesu vakapa mashoko aya:

"Asi muchagamuchira simba kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu; uye muchava zvapupu zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose, nomuSamaria uye kusvikira kumigumo yenyika" [Mabasa 1:8].

Tsvedzera shure inotangira pakuramba nokurasa kwedu munyengetero uye nokubwinya kunobvawo mudziKereke dzedu. Zvakafanira nhasi kuti titendeuke, tigodzokerazve kuiyi mhando yomunyengetero.

Hechinoi Chatinozarurirwa: Pendakosti inouya chete paUngano Yomunyengetero.

Tinoita setakoshiwa ichi chinhu. Vane zana namakumi maviri vakazadzwa neMweya Mutsvene zvakapetwa kaviri, [vose] zvisina mukare akamboona mupasi rose. [Mabasa 2]. Zvakakoshawo kuti tione kuti Mweya Mutsvene haana kungowira zvake pamusoro pavaJudha vose vaiva muJerusarema. Akawira chete pamusoro peavo vaive muungano yomunyengetero paimba yapamusoro. Tichiri kurangarira isu kuti Jesu vakati: Kana akawira pamusoro penyu [Johane 16:7-11] Chii chakazoitika tevere? Pakve nomutinhimira mukuru weMweya Mutsvene! Chokutanga akawira pamusoro, akazonoshanda kubudikidza neKereke yomunyengetero.Kereke yakange yopfuta zvina panaMwari, uye kubudikidza navakazadzwa noMweya ava uye nokupupurira kwavo Kristu, zviuru nezviuru zvavaJudha vakauya vachimhanya kuzoona zvaitika.

Petro paanosimuka kuzoparidza kuchita chavaJudha ichi, vazhinji vanonzwa mhosva pamusoro pechivi napamusoro pokururama nokutongwa—kutendeuka—vakaponeswa, sokutaura kwaJesu. [Mabasa 2:14]

Nhinhi dzavaJudha ava, dzakabiwa [kudyungwa, kukuboorwa] mumwoyo yavo. Ishoko rimwero rinoshandiswa apo muuto wevaRoma akabaya nokuzarura padivi rutivi rwaJesu pamuchinjikwa. Mukubaiwa kwakadzika dzika nezvivi vakachema vachiti: "Vanhu vakati vachinzwa izvozvo vakabaiwa pamwoyo vakati kuna petro navamwe vapositori 'Hama tichaiteiko?'" [Mabasa 2:37-41].

Munamato Unesimba neMharidzo Inobata

Petro akashaura zvaasina kuita mukare wose! Akavapa shoko idzva. Akaparidza, Kristu, Mesiya kokutanga pachena, zvinesimba kuzviuru zvavaJudha. Pasina kutya uye zvine simba raasina kumbobvira anzwa muupenyu hwake, Petro akava muparidzi weMutsurudzo yokutanga kuKereke yomuTestamende Itsva. Anotiratidza musunganidzwa weMutsurudzo muKereke: chokutanga, munamato unesimba, teverwewo nemharidzo inobaya.

Tinofanira kucherekedza kuti izvo, asi zvazvo mhando yemharidzo yakadai haizosviki kuvanhu kana isina kuperekedzwa nemhandowo yemunamato uyu unesimba. Jesu akambenge ataura achiti, *"kutendeuka nokuregererwa kwezvivi kuchaparidzirwa kumarudzo ose...."* [Ruka 24:47]. Kwete *'kuregererwa kwezvivi'* chete kana *'kutendeuka'* chete, asi zvose! Nhasi uno Mharidzo yokuregererwa yakawanda pasina kutendeuka. Ndopatakaneta zvikuru ipapa! Ndochakonzera *'nyasha dzamazhingi zhongu' 'nokutendewo'*, izvo zvakonzera kupozhomoka kwedu kubva

Mharidzo Yokuuya Kwake rinotsikiswa kamwe pamwedzi miviriuye riopihwa pachena kuna an naani anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc., P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878.
Mupepeti: Godfrey Ndiriwenyu.
Kero yo muZimbabwe: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com Runhare 091 929 673.
Nhengo dzeAdivisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Mishek Joseph, Promise naStella Nyathi, Maxwell Matewe, na Wisdom Tshuma

paMutsurudzo mudzikereke dzedu . Varume navamai, ngatishandurei mafungiro edu. Ngatibvumiranei naMwari, tigoita zvavanoda tiite, nokuti ndivo mupi weMutsurudzo. Chimwezve chandakaona mumakore apfuura aya ndechokuti Mharidzo ine samba asi isina kutsigirwa nemunamato indurira shure, inobhara kana kushaiwa moto zvachose. Inotova omesa mwoyo yavanhu. Zvinhu izvi zvinofanira kusonedzerwa zvakanaka sezvatinorakidzwa pana Petro pazuva rePendakosti. Petro haana kuparidza 'Kristu akaroverwa' akaparidza Kristu wamakarovera' [Mabasa 2:36] uye akazviparidza muguta reJerusarema mavaive vamurovera. Kumutswa kwakave nesimba guru kwazvo muJerusarema zvokuti zviuru zvavaJudha, nemhosva yokurovera Mesiya wavo, vakatendeuka, uye pazuva iroro vane zviuru zvitatu vakatendeukira kristu vakawedzerwa kuvana gumi navaviri. Vose ava pazuva rimwe chete. Imbofunga! Zviuru zvitatu zvaJudha! Izvi isimba guru, idzva roMweya Mutsvene namashandiro ake muMutsurudzo inesimba. Iko zvino zvashanduka. Tave kuparidza Mharidzo dzine zviuru zvitatu pasina kana mumwe anotendeuka. Simba rePendakositi rakaratidzwa kuKereke yomuTestamende Itsva paJerusarema ndiro rakave simba gurusa nokuti kana masuo eHadhesi haana kuzombomisidzana nawo [Matt 16:18].

Munhu anoziva kuti tinoda Mutsurudzo, asiuye ndinotenda kuti taoneswa kuti Mutsurudzo iyi chii. Tinozivawo kuti inouya sei, kupi uye rini. Bhuku yaMabasa [bhuku yeMutsurudzo] uye neTestamende Itsva yose inozviisa pachena kuti tinofanira kunyengeterera uye tigotarisira Mutsurudzo kuvamudziKereke dzedu. Zvikuru sei mudzikereke dzedu nomumasangano edu.

Nyaya iripo ndeiyi. Pendakositi yakatangisa nguva itsva yeMutsurudzo. Yakatanga nguva utsva yokuparidza ivhangeri inesimba. Ndiyo ivhangeri yatinoanira kuona ikozvino—kubudikidza namakereke anopfuta moto. Ndihwo urongwa hwaMwari. Tine mharidzo zhinji nhasi, asi hatina Mutsurudzo mumaKereke edu dzine simba apo kubwinya kwaIshe kunotiwira sapaKereke yePendakositi. Pano tinomuenzaniso wechokwadi wakaiswa naivo Ishe pachavo kuzadzikisa Kutumwa Kukuru, kusvasvavira kumativi ose enyika. [Mabasa 1:8; Matt 28:18-20]. Kutumwa Kukuru kwakambomira, kukasendekwa padivi, vachimirira minamato paImba yapamusoro. Nanhasi zvichingori saizvozvo. Jesu Havana kumbenge varonga kuti Mharidzo kunyika iitiwe neimwe nzira. Zvaakaita muJerusarema pakutanga, ndiyo chete nzira yaakabeka kukupupurira nokusvikira kumativi mana ose enyika [Mabasa 1:8].

Hapana imwe nzira yatingapedza nayo basa riri pamberi pedu nokuti Jesu Havana kumbotipa imwe nzira. Simba iri ndiro ratarasikirwa naro uyewo ndiro chete riri kudikanwa. Tinofanira kudzokera kurudo rwedu rwokutanga [Zvakazarurwa 2]. Ndiyo Mutsurudzo yatinoda uye hwamanda yaIshe kunaZvakazarurwa, inodanidzira maKereke ose amuke, atendeuke uye adzokere kwairi [Zvakazarurwa 1-3].

Kubva mubhuku *God's Law Of Revival* naArmin Gesswein. Rakadhindwa muna 1993. Rakashandiswa nokushandururwa zvinemvumo.

RARAMA UPENYU HWOKUKUNDA

[Upenyu Husina Kutya]

NaG. Ndiriwenyu

Shoko raMwari rinokuburitsa pachena kuti isu tiri vokukunda. Hatiziri vaya vokudzokera shure kana kudududzira. *"Nokuti Mwari haana kutipa mweya wokutya, asi Mweya wesimba, noworudo nowokuzvidzora"*. [1 Timoti 1:7]. Tiri vakundi nokupfuurisa nokuti Mwari vedu ndiMwari vokukunda. Jehovah Mwari vakaita kuti Dhavhidhi akunde kwose kwaakaenda. ndivo vachaita kuti ini newe tirarame upenyu hwokukunda kwose kwatinoenda uye muizvo zvose zvatinoita nokubata. Shoko ravo rinotiudza kuti tinogona kuita zvose kubudikidza naiye anotipa simba [2 Sam 8:6; Firipi 4:13]. Mwari vedu ndiJehovha Wamasimba ose, mambo naIshe vokubwinya kwose. NdiJehovha vane simba noumhare, Mwari vane ukuru nesimba pakurwa [Ps 24:8]. Ndivo Jehovha, ruponeso nokukudzwa kwedu. Dombo redu guru noutiziro hwedu, mubatsiri wedu munguva yokutambudzika kwedu [Ps 62:7; 46:1]. NdiJehovha vanotasva matenga akare, *"iye anobudisa inzwi rine simba somupande wemvura"* [Ps 68:33] *"Ishe wedu mukuru uye ane simba guru"* [Ps 147:5] Achinyorera Kereke yavaRoma, mupositori Pauro anoti iye rangarirai kuti *"pazvinhu zvose izvi, tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye [Jesu] akatida"* [VaRoma 8:37]. Kana dai tikasangana nemiedzo yakaita sei, kana dai tikasangana nehondo dzowakaipa dzakaita sei, chokwadi cheShoko chinoti "pazvinhu zvose izvi, tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye akatida". Vachitaura kubudikidza namuporofita Isaya Jehovha vanoti ivo *"Hapana munondo ucharwisana newe ukakunda, uye uchakonesa rurimi rumwe norumwe runokupomera mhosva"* [54:17]. Pachitsauko 59 vanoti ivo kana dai Wakaipa akauya samafashamu, ivo vachasimudza rutandare rwedziviriro yavo. Asika mubvunzo mukuru uripo ndewokuti, "nemhaka yeiko vamwe vana vaMwari vazhinji vachirarama upenyu hwokutya nokukundwa?" "nemhaka yeiko vamwe vana vaMwari vachirarama upenyu hwokutya noumbwende?" Ukanyatso tarisisa muvaKristu vazhinji nhasi uchaona kuti pana vamwe vanotogutsikana kwazvo napachinzvimbo chavari chokutya nokukundwa. Kwavari upenyu

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

(Kubva Papeji 3
hwokukunda rungano rwatsuro nasekuru gudo. Satani akavagara matunduru, zviya zvokuti vatove vana zvakanaka zvakadaro. Nemhaka yeiko zvichiita saizvozvo? Uku ndikwo kuda kwaMwari here muupenyu hwavana vake?

Pangava nemhinduro dzakati kuti kumubvunzo iwoyu hongu, asi mhinduro huru ndeyokusaziva. Vachitaura namuporofita Hosea, Mwari vanoti ivo, *"Vanhu vangu vanoparadzwa nokuda kwokushaiwa zivo".* [4:6] Mudikani, kushaiwa zivo, kune ngozi, uye kunounza rufu nokufa. Chinosuwisazve chikuru ndechokuti, Satani haazvizivi uye haana mhosva kuti hauzivi, uye haana basa nokuti hauzivi. Kuti urarame upenyu hwokukunda unafanira kuva nezivo. Zivo yakakosha uye pane zvinhu zvinomwe zvaunofanira kuziva kuti urarame upenyu hwokukunda.

Chokutanga: *Rarama upenyu hunofadza Mwari.*

"Nokutenda Enoki akatorwa kubva paupenyu huno, zvokuti haana kuona rufu, akasaonekwa, nokuti Mwari akanga amutora ; nokuti asati atorwa akanga achipupurirwa somunhu aifadza Mwari" [Heb 11:5].

Hapana chinhu chinofadza Mwari kudai nomunhu anokutenda [faith]. *"Pasina kutenda hazvibviri kufadza Mwari nokuti ani naani anouya kwaari anofanira kutenda kuti ariko uye kuti anopa vanomutsvaga nomwoyo wose mubayiro wavo"* [Heberu 11:6]. Kana ukararama upenyu hunofadza Mwari, upenyu hwokutenda, Ivo vanokuchengetedza. Nemhaka yokuti unovafadza havazombokusiyi kana kukufuratira. *"Vanovimba naJehovha, vakafanana negomo reZioni, risingazungunutswi asi rinogara nokusingaperi. Sokupoteredzwa kwakaitwa Jerusarema namakomo, saizvozvowo Jehovha anopoteredza vanhu vake kubva zvino nokusingaperi"* [Ps 125:1] Kana uri kudivi raMwari uye uchiita kuda kwavo,uye uchirarama upenyu hunovafadza havambokurasi. Uri kudivi rokukunda! Hauzombotyi kana uchiziva kuti uri kudivi raMwari, divi rokukunda. Kuti urarame upenyu hwokukunda, saEnoki, raramira, kufadza Mwari. Nokutenda Enoki akararama upenyu hunofadza Mwari. Nokutenda akatorwa kubva paupenyu huno, zvokuti haana kuona rufu, akasaonekwa, nokuti akange achipupurirwa somunhu aifadza Mwari. Ko Enoki aigotyei, kana aiva naMwari kudivi rake!

Chepiri: *Tenda nomwoyo wako wose kuti Jehovah ndiyeMwari.*

Nokuti *"Pasina kutenda hazvibviri kufadza Mwari, uye ani naani anouya kwaari anofanira kutenda kuti ariko uye anopa vanomutsvaga nomwoyo wose mubayiro wavo."* [Heberu 11:6].

Tenda nemwoyo wako wose kuti Mwari vanokwanisa, uye havakundikani. *"Nokuti hakuna chinhu chisinga gonekwi naMwari"* [Ruka 1:37]. Tenda nemwoyo wako wose kuti Jehovha vachakurwira. *"Teererai, Mambo Jehoshafati navose vanogara muJudha neJerusarema! Musatya kana kuora mwoyo nokuda kwehondo iyi huru, nokuti kurwa uku hakusi kwenyu, asi ndokwaMwari"* [2 Makoronike 20:15]. Mwari havambovasiyi avo vanovimba navo. Hondo yose youpenyu hwako ndeyavo. Meso aJehovha ari pamusoro paavo vanomutya, napamusoro paavo vanoisa tariro yavo murudo rwake rusingaperi. Achakurwira parufu uye achakuraramisa nokukuponesa panguva yenzara. Kana ukatenda nemwoyo wako wose kuti Jehovha ndiye Mwari, uye kuti vari pamusoro pazvose, uri kudivi rokukunda. Chokutya hapana! Ko ungagotyeiko nhai hama kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako. *"Kunyange ndikafamba nomumupata nomumvuri worufu handingatyi zvakaipa nokuti imi muneni, tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza"* [Ps 23:4]. *"Jehovha Mwari ndiye zuva nenhoo [yedu], Jehovha anopa nyasha, [dziviriro] nokukudzwa; hapana chinhu chakanaka chaanganyima avo vanofamba zvakarurama"* [Pisarema 84:11]

Cheitatu: *Ziva kuti Mwari vanopa mubairo kuvanomutsvaga.*

"Anopa vanomutsvaga nomwoyo wose mubayiro wavo" [Heb 11:6]. Kubva pasichigare Mwari vagara vachipa mubairo kuavo vanomutsvaga nemwoyo yavo yose. Mudikani, Mwari havadyi chomunhu mahara! Kwete! Somuenzaniso, Jonah haana kuteerera Mwari, asi paakange ave mumatambudziko, akachema kuna Mwari wake nemwoyo wose, Mwari vakamunzwa. Hannah akachemera kuna Mwari, Mwari vakamupa mwanakomana Samueri. Petro akachemawo nezuva riya achiti "Ishe ndiponesei" Jesu vakamuponesa kuti asanyura mumvura. Mwari vamwe chete vakaponesa vose ivava vanogona kukuponesa newewo nhasi. Ko unotyeiko nhai kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako. *"Ndini Jehovha Mwari wako. Pakutambudzika kwako uchadana kwandiri ini ndichakununura, ndigokupindura."* [Ps 81:7]. *"Ipapo uchadana, Jehovha achakupindura, uchadanidzira uchida rubatsiro, uye iye achati 'Ndiri pano.'"* Murwiyo rwaparwendo munyori anoti iye *"Jehovha achakuchengeta pane zvose zvinokuvadza, iye acharinda upenyu hwako; Jehovha achakurinda pakubada kwako napakupinda kwako, kubva zvino uye nokusingaperi"* [Ps 121:7].

Chechina: *Famba sokuraira kwavo.*

"Nokutenda Noa, akati anyeverwa pamusoro pezvinhu zvakange zvichigere kuonekwa, akavaka areka nokutya Mwari kuti aponese mhuri yake. Nokutenda ...akava mugari wenhaka yokururama kunouya nokutenda" [VaHeb 11:7]. Usafambiswa nokutya wakaipa, kana kutyawo mumwewo munhu. Itya Mwari wako, anova ndiwo mavambo oruzivo. Kutya Mwari, kunoreva kuvimba muzvose zvinorehwa naMwari. Kutya Mwari kunobvisa kwose kutya uye kunounza kukunda kunopfuurisa. Ko ungagotyeiko nhai kana ruoko rwaWamasimba ose ruri pamusoro pako. Vachitaura naJoshua Jehovha vanoti ivo: *"Chenjerera kuti utevere mirairo yose yawakapiwa naMozisi muranda wangu, usatsaukira kuridyi kana kurubeshwe, kuti ubudirire kwose*

kwaunoenda. Bhuku iri romurayiro harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa pamusoro paro siku nesikati... uye ipapo uchabudirira kwazvo" [Joshua 1:7,8].

Chicheshanu: Teerere Kutaura kwaMwari.

"Nokutenda Abhurahama, akati adanwa [naMwari] kuti aende kunzvimbo iyo yaaizogamuchira kuti ive nhaka yake, akateerera uye akaenda, kunyange zvazvo akanga asingazivi kwaaienda" [VaHeb 11:9]. Abhurahama anozivikanwa sa"Baba vokutenda" nemhaka yokuti akateerera kukutaura kwaMwari, uye akaita zvose zvaakaudziwa naMwari wake. Newewo unofanira, somwana waAbhurahama, kufamba nokutenda kwete nezvaunoona. Uri wokufamba nokutenda kwete nezvaunoona. Mwari vari kutaura newe kubudikidza neshoko ravo vateerere. Unofanira kuteerera kukutaura kwaMwari, ipapo uchabudirira. Kana ukateerera Shoko raMwari, chokwadi hapana chokutya. Mwari vachamira newe. Ko unotyeiko nhai hama kana ruoko rwaMwari. Wamasimba ose ruri pamusoro pako. Chokwadika chokutya hapana! Iwe Chenjerera chete kuti utevere mirairo yose yawakapiwa mushoko ravo, usatsaukira kuridyi kana kuruboshwe, ndokuti ubudirire kwose kwaunoenda, uye muzvose zvaunoita. Bhuku iri romurayiro harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa [meditate] pamusoro paro siku nesikati... uye ipapo uchabudirira kwazvo" [Joshua 1:7,8].

Chetanhatu: *Tsvagisisa zvipikirwa zvaMwari kwauri.*

"Nokuti akanga achitarisira guta rine nheyo, Mwari ari mhizha nomuvaki waro" [VaHeb 11:10].

Mwari vakavimbisa Abhurahama nyika iri nani. Nokutenda Abhurahama akatanga kuitsvaga. Rangarira kuti akasiya nyika yamadzibaba ake uye nehama dzake, akasiya zvose kumashure ndokutanga kufamba nokutenda. Abhurahama akawana guta iri nokutenda uye nokuda kwokuti akatanga kutsvangisisa zvivimbiso zvaMwari. Mwari havana kungovimbisa denga nenyika yakanaka chete, asiwo noruponeso, Mweya Mutsvene, kuporeswa uye kusakusiya kusvika nariini. Kana ukatsvaga zvivimbiso zvavo mushoko ravo hauzovi nokutya. Ko ungagotyeikozve nhai kana zvivimbiso zvavo zvakati chakata mushoko ravo. *"Nokuti Mwari haana kutipa mweya wokutya, asi mweya wesimba, worudo nowokuzvidzora"*. [1 Timoti 1:7]. Chokutya hapana kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako.

Chenomwe: Iti akavimbika uyo anokuvimbisa.

"Nokutenda Abhurahama, kunyange zvake akange apfuura zera, uye Sara pachake akanga asingabereki, akapiwa simba rokuva baba, nokuti akati iye akapikira akatendeka." [VaHeb 11:11]. Sara akange akwegura. Akange ave mbuya. Zvakamufadza sei kunzwa Mwari vachimuvimbisa kuti achave nemwana. Asizve zvakamusetsa nokuti zvaive zvisisabvumiki. Zvisinei zvazvo akatenda kuna Mwari uye akati iye uyo akapikira akatendeka. Pasisina tariro Abhurahama naSara vakatenda uye vakava baba namai vendudzi zhinji sezvakange zvarehwa kwavari. Havana kukahadzika kana kushaiwa simba mukutenda kwavo, asi vakasimbiswa mukutenda kwavo uye vakanyatso gutsikana kuti Mwari vane simba rokuita zvavakange vavimbisa. *"Ndokusaka 'zvakanzi kwavari ndiko kururama.' Mashoko okuti 'zvakanzi kwavari' haana kunyorerwa iye oga, asi kwatiriwo, kuna avo vachanzi naMwari vakarurama, kunesu vanotenda kwaari iye akamutsa Jesu Ishe wedu kubva kuvakafa"* [VaRoma 4:23]. Kana ukararama upenyu hunofadza Mwari, uchitenda kushoko nezvivimbiso zvavo, Mwari vachakuchengetedza. Kana ukavimba navo ugovadana munguva dzokutambudzika, vachakudavira. *"ipapo uchadana Jehovha achipindura, uchadanidzira uchida rubatsiro, iye achati 'Ndiri pano"* [Isaya 58:9]. *"Usatya nekuti ini ndakakudzikinura, ndakakudana nezita rako, uye uri wangu. Paunopfuura nomumvura zhinji ini ndichava newe, uye paunopinda munzizi hadzikukukuri. Paunofamba nomumoto, haungazotsvi, murazvo wavo haungazokupisi. Nokuti ini ndini Jehovha, Mwari wako"* [43:1-3]. *"Naizvozvo hama dzangu dzinodiwa, mirai makasimba. Pashaiwe chinhu chinokuzungunusai ... nokuti munoziva kuti kubata basa kwenyu munaShe hakungavi pasina"* [1Korinde 15:58]. *"Mwari pachake, iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Uye ngaakukundisei zvakapfuurisa. Mweya wenyu wose, nomwoyo uye nomuviri zvichengetwe zvisina mhosva pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu. Iye akakudanai akatendeka uye achazviita"* [1 Tesaronika 5: 23].

Uchava Muromo Wangu Mwanangu

Kana saMozisi ukaita muranda wangu,
Usingarangariri zvinofadza zvino nyika,
Panhamo nemiedzo woita sesambangwena,
Shure usingadzoki kana kufunga ayo maruva nyika,
Mitemo yandakatema gumi uchiitevedza,
Zvirokwazvo uchava muromo wangu mwanangu.

Ukaita saSitefani mudhikoni mungwaru,
Akashinga kugarwa namabwe nokuda kwangu,
Asina kudzorera chakaipa nechakaipa,
Uyo wandakabwinyisa chiso chake somutumwa,
Ndikaratidza kubwinya kwangu paari kuvanhu,
Zvirokwazvo uchava muromo wangu mwanangu.

Ukava saPetro mupositori chapupu changu,
Andakapa makiyi apasi nokudenga,
Kuregerera nekupa mhosva ndichizviisa kwaari,
Kuti aparidze, aruramisire nherera neshirikadzi,
Mapofu vakaonawo mugove kuushe hwaMwari,
Zvirokwazvo uchava somuromo wangu mwanangu.

--NaBishopi K. Mwakona

Hwamanda Isati Yarira

Na Peter Scothern

Tave kurarama mumazuva ebvonga mupopoto, kuurayana uye kudeurwa kweropa ravazhinji zvisina maturo. Kurwisana,kuvengana, nzara uye kudengenyeka kwenyika zviri kungowedzera. Pakadai vazhinji vodududza mukutya,ukuwo rudo ruchiderera. Chokwadi ndechokuti tave mumazuva akasviba uye anotyisa. Ko mutsvene anofanira kurasa moyo here pazvakadai uye panguva yakadai? Mhinduro ndeinoti Kwete! Ko mukristu anofanira kudzimbikana kana funganya pamusoro pazvo here? Hongu! Asi kurasa moyo aiwa kwete! Ishe Jesu Kristu vakagara vatiudza kuti zvinhu zvakadai zvichaitika munguva yokuguma uye vatsvene muzvine ungwaru vanofanira kusimudza misoro yavo, *"Panotanga kuitika zvinhu izvi, mumire mugosimudza misoro yenyu, nokuti dzikunuro yenyu ininge yoswedera"* [Ruka 21:28]. Ino yave nguva yokutendeutsira moyo yedu yose kubva kuzhowe zhowe yenyika tonan'anidzira kukubwinya kwaticharatidzwa munguva shomanana inotevera. Ukuwo tichienderera mberi nebasa rokukwevera mweya yavazhinji kuupenyu husingaperi. Tisarase moyo nemvonga mupopoto yakatitenderedza iyi nhasi asi mwoyo yedu neshuviro dzedu zvinofanira kuva paMwenga ari kuuya kubva kumusoro. [Shoko rino] tikurudzira kuti tafarire kuonekwa kwake [apa zvichireva iye Jesu Kristu], *"Zvino ndakachengeterwa korona yangu yokururama, [anodaro mupositori Pauro kunaTimoti, mwanakomana wake mukutenda] yandichapihwa naishe, mutongi akarurama pazuva iro, uye kwete ini ndoga , asiwo nokuna* ***vose vanoshuva kuonekwa kwake****"* [2Timoti 4:8]. Kune vamwe vanhu vane unyanzwi mudzidziso nokudurirwa Kuuya rwechipiri kwaJesu Kristu, asi mubvunzo mukuru ndounoti vanhu ivava vanofarira here kuonekwa kwake. Ishe Jesu vakanongedzera kuKereke yevaEfeso sevasina kuvimbika nemhaka yokuti vaive vasiya rudo rwavo rwokutanga. [Inzwa] "Asi ndine mhoswa iyi newe,wakasiya rudo rwako rwokutanga. Rangarira pawakawa!Tendeuka uye uite zvawakanga uchiita pakutanga" [Zvakazarurwa 2:4]. Dai mwoyo yedu yaramba ichifashukira murudo rwedu rwuya rwokutanga zvikuru sei takamirira kuonekwa kwake.

Johanewo, mupositori anodiwa, anonyora achiti, "Tariraiwo kukura kworudo rwatakaitirwa naBaba vedu rwokuti tinzi tiri vana vaMwari! Uye [izvi] ndizvo zvatiri! Chinoita kuti nyika itadze kutiziva ndechokuti haina kumuziva [Jesu].Hama dzinodiwa , zvino tiri vana vaMwari uye zatichazova zvigere kuzivikanwa.Asi [isu] tinoziva kuti paachaonekwa, isuwo tichafanana naye nokuti tichamuona sezvaari. Mumwe namumwe anetariro iyi maari achazvichenesa, sezvo iye [Jesu] akachena [1Johane 3:1-3].

Vatsvene vanogara vakarindira kuuya kwaishe wavo, vanogarawo vachizvinzvera kuti vave nechokwadi kuti vari pachokwadi here mumweya uye kuti havana here chavanopomerwa. SamaKristu, tinofanira kuramba tichinogeza parukova rweropa raKristu [Asi kana tichifamba muciedza, saiye ari muchiedza, tinowadzana mumwe nomumwe wedu, uye ropa raJesu Mwanakomana wake , rinotinatsa pazvivi zvose [1Johane 2:7]. Hapana kana chipi zvacho chinofanira kusvibisa zvipfeko zvedu zvemweya. Jesu akataurazve aya mashoko, mumufananidzo wavasikana vanegumi, kuti midziyo yedu inofanira kugara ine mafuta [Mateo 25:1-12]. Unozviona here chinosiririsa, zvikuru, chakaitwa nevasikana vashanu mapenzi ndechokuti "Tipeiwo mamwe emafuta enyu, mwenje yedu yave kudzima". Vakange vasisina mafuta mumidziyo yavo, uye apo Chikomba chakauya vakapfigirwa panze. [Waiona here nyaya yacho mudikani? Gara wakarindira.]

Ino yave nguva yokugadzirira mwenje yedu. [Ndokutika igare ine mafuta]. Rino rave awara rokuzvinzvera hana dzedu mumwe namumwe, kunyengetera uye tigozodziwa mafuta eMweya mutsvene. Ko nhai iwe muverengi wangu, wakazvarwa here patsva? [Fungisisa aya manzwi Jesu akapindura akati, 'Ndinokuudza chokwadi hakuna munhu angapinda muumambo hwaMwari kana asina kuberekwa patsva nemvura uye neMweya. Nyama inobereka nyama, uye Mweya unobereka mweya [Jahane 3:5].

Kana wakazvarwa patsva nemvura uye neMweya, wakatsaurwa here neMweya mutsvene kukushanda raMwari, Inzwa "Kuda kwaMwari [ndikwo uku] kuti [mutsaurwe] muitwe vatsvene' [1Tesaronika 4:3] Wakazadziwa here kusvikira pakufashukira neMweya mutsvene. Pauro kuvaEfeso anotiwo naye "Musachadakwa newaini, nokuti ndipo panekusazvidzora. As muzadzwe noMweya mutsvene" [Efeso 5:18].

Chinhu chakakosha zvikuru pamuKristu wose zvake , paawara ino yatiri kurarama, kugara mwenje ine mafuta uye kugara takagadzirira kudzokazve rwechipiri kwaShe wedu, Jesu Kristu. Ino inguva yokugadzirisisa ukama hwedu naMwari wamasimba ose. [Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke.]

Imbofunga pamusoro peizvi: *"Ndinokuudzai kuti, ani naani anotenda kwandiri achaita zvandanga ndichiita. Achaita kunyange zvinhu zvikuru kupfuura izvi nokuti ndiri kuenda kuna Baba. Uye ndichaita zvose zvamunokumbira muzita rangu, kuitira kuti Mwanakomana avigire Baba kukudzwa"* [Johane 14:12]. *"....Asi muzvipe imi kuna Mwari, savanhu vakararamakuvakafa, nemitezo yenyu kuti dzive dzokururama"* [VaRoma 6:13].

TINGAVA SEI NAMWARI PAKATI PEDU

Na A. E Reinschmidt

"Ndinokuudzai chokwadi kuti kana vaviri venyu mukabvumirana pane chamunokumbira kuna baba vangu vari kudenga ,muchachiitirwa. Nokuti panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo" [Mateo 18:19-20]

Hepanoi apo chokwadi chiri pachena-chena cheBhaibheri chinonokanganiswa navazhinji [zvikuru sei navadzidzi veBhaibheri]. Apo vadzidzi vanoedza kupatsanura zvokwadi yeShoko raMwari kuti iite seinodzidzisa zvinhu zviviiri asi iyo ichingova nechidzidzo chimwe chete. Somuenzaniso: Mumashoko okutanga anoti ***"kana vaviri venyu mukabvumirana",*** newokuti ***"panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu",*** inongova pfungwa imwe chete iri kutevera mutsetse mumwe chete. Izvi zvinoreva izvo kuti kuva pamwe chete kwavatendi kunorevawo kuwirirana pemweya kwavatsvene. Kubatana pamweya ndeicho chakakosha pazvose, pakati pavatendi; uye chivimbiso chokuti, ***"chose chamunokumbira kuna baba vangu ....muchachiitirwa"*** hachinganzwisisiwi zvakazara kana pasina kuwedzerwa aya manzwi, ***"neni ndiripowo pakati pavo"***

Kanapo zvichiita sokunge pakatakurwa pfungwa mbiri mumavhesi maviri iwaya, chikwadi chiripo ndechokuti, pane pfungwa imwe chete: iyo iri yokuti pose pane kubatana kwavatendi pamweya , vangave vashoma sei [vaviri kana vatatu] , Mwari Baba neMwanakomana vanovapowo kuzopindura minamato neminyengetero yavo. Chivimbiso chokuti ***"neni ndiripowo pakati pavo"*** chinopihwa semhinduro kukuva pamwe chete kwavatendi, ***"kana... mukabvumirana pane chamunokumbira kuna baba vangu",*** chivimbiso chogova chokuti ***"muchachiitirwa".***

Kuyanana Kunovaka Ugaro HwaMwari

Ko Ishe Jesu vanoda kuti tibatisise nokunzwisisei muaya manzwi ***"neni ndiripowo pakati pavo".*** Chokutanga , ari pakati pedu nemhaka yokuti isu savatendi tawirirana, tiri vomwoyo nemweya mumwe chete, ***"kana... mukabvumirana'*** tiri chinhu chimwe chete. Tsanganudzo imwe cheteyo tinoiwana panaMapisarema 133: *"Tarirai, zvakanaka uye zvinofadza sei kana hama dzichigara pamwe chete mukubatana!... nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi".* Kuva pamwe chete paMweya savatendi kunovaka ugaro hwaMwari muMweya. [Efeso 2:22] Nokuda kwechokwadi ichochi kubatana chinhu chakakosha muupenyu uye mukufambira mberi kweKereke yaKristu. Kupesana pakati pomunhu naMwari uye pakati pake nemumwe wake, sokurongwa kwazvaive zvaitwa naMwari, ndiwo wakave mubairo wokutanga wechivi. [Ukama pakati pavaviri kwakave nechokuita pane wechitatu—Mwari. Nanhasi zvingori saizvozvo. Kukanganisika kwoukama pakati pedu kunokanganisawo kushanda kwaMwari pakati pedu]

Naizvozvo pakudzokera kwedu kunaMwari nguva dzose, kuwirirana navamwe uye naiye Mwari, ndeicho chakakosha pazvose, nokuda kwokuti ndeapo chete pane kubatana panopihwawo makomborero aMwari, "nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi".

Huumwe hunodzirisa upenyu hwedenga panyika, uye saizvozvowo kupesana kwavatendi kunodururira marasha anopisa eGehena pakati pedu. Mushoko raMwari kwakanyorwa kuchinzi: "Vakaropafadzwa vanoyananisa nokuti vachanzi vana vaMwari".Kune rumwewo rutivi zvigonzi izvo avo vanokonzera kupesana, vanoisa zvigumburiso pamberi pavamwe, vanopikisana nedzidziso yatakadzidza. Vakatukwa uye havana kukomborerwa.Tinofanira kuva kure navo! [VaRoma 16:17]. Inzwa zviri kurehwa neshoko raMwari pano, Avo vanodzirisa kuyanana vanotiunzira Mwari pakati pedu: avo vanogumbura nekupesanisa vamwe vanodzinga Mwari pakati pedu. Kuburutsira Mwari pakati pavanhu, chikomorero chikuru chatinokwanisa kuita tichiri pano pasi. Kudhiriza, kumaramara nokupesanisa vamwe, tichidzinga Mwari mutemberi yake husatani husina mukare akamboona.

Chechipiri: Ishe vanoda kuti tivaone kana vari pakati pedu, tokanda pamusoro pake kufunganya kwedu kwose nokuti iye anotichengeta. Kuva kwake pakati pedu kune chinangwa chikuru: kuzobatsira avo vanomupa nzvimbo pakati pavo ***"neni ndiripowo pakati pavo"***

Ishe vedu vachirikutsika pane ino nyika, avo vaimupa pokugara nokurara vaiita basa guru kwazvo muumambo, nokuda kwokuti kunonzi izvo Mwanakomana woMunhu aiva asina pokutsamidzira musoro wake. [Jesu akapindura achiti, Makava ane mwena yavo, shiri dzine matendere adzo, asi Mwanakomana woMunhu haana paangatsamidza musoro wake". [Mateo 8:20]. Avo vaimupa pokugara nokutsamidza musoro wake vakawana makomborero anopfachukira esimba rake uye nokukomborerwa kukuru. Saizvozvowo, nanhasi avo vanomupa pokugara nokutsamidza musoro wake, mumweya, vanomuitira zvakanaka zvikuru uye navowo vanowana makomborero akapfuura ayo avaiwana Ishe achatsika rino pasi netsoka dzake. ***"Jesu akapindura akati, 'Kana munhu achindida achateerera kudzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari tigoita ugaro hwedu naye"*** [Johane 14:23] Chikuru chatinofanira kubatisisa ndechokuti manzwi aya ari kureva panguva ino yatiri kurarama. Ndoreva ikozvino pachinguvana chiripo pakati

(Inoenderera Mberi Papeji 8)

(Kubva Papeji 7)
pokuenda kwake kudenga naapo paachazodzoka rwechipiri achizotora Kereke yake. Apa haasizve kungoreva chete chipo ChePendakosti [cheMweya Mutsvene] uyo wakavimbiswa kune avo vanotenda kwaari [Johane 7:39, Mabasa 2:38-39]: ari kureva Jesu akamutswa kuvakafa anonogara pakati pevatendi vamugadzirira nzvimbo, nokuwirirana kwavo pamweya, kanapo vangave vari vashoma [vaviri kana vatatu]. [Johane 17:21-23].

"Nokuti panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo" Manzwi aya anoitiratidzazve kuti nemhaka yei Ishe vari pakati pavaviri kana vatatu. Vanofanira kuungana muzita rake, izvi zvichireva kuti mukuda kwake kwete kuda kwaava vaviri kana vatatu. Apawo zvichireva izvo kuti, nyaya yokuda kwedu inofanirwa kukandirwa kuresa nesu apo tinenge taungana muzita rake. Kuti vaviri ava vave chinhu chimwe chete [uye kuti Mwari ave pakati pavo] panofanira kuva nokuzviramba kwomumwe namumwe wavo, pasina kuzvikudza uye mukuzvininipisa achitarira kukuda kwomumwe wake: "Ivai norudo rukuru mumwe kune mumwe savadikani.Mumwe nomumwe wenyu ngaakudze mumwe kupfuura kuzvikudza kwaanozviita iye" [VaRoma 12:10]. "Musaita zvinhu nomwoyo wokuchiva kana wokuzvikudza, asi mukuzvininipisa muchionawo vamwe kuti vari nani kupfuura imi. Mumwe namumwe wenyu ngaarege kungotsvaga zvake chete, asi zvavamwewo". [VaFiripi 2:2-3]

Kana kuzvikudza kusiripo pakati pavatendi, huvepo hwamwari hunowanikwawo. Apa haisiri kureva kuti umunhu hahuvipo kwete, asi kuti kuzvikudza nokuzvida kunenge kwarasirwa kure, zita raJesu rova iro rinotonga. Mwari havatongi apo pari kutongwa nokuzvikudza uye nokuzvida. Kuzvikudza, kuzvida, kunofanira kurasirwa kure , ***"vaviri kana vatatu"*** vasati vaungana muzita rake. Kuti Mwari vadurure makomborero avo, pakati pavatendi, kuwirirana kunofanira kuva chisikwa chokutanga.

Tisakanganwe kuti icho chinodhonzera Mweya Mutsvene pakati pedu kuwirirana nokuyanana pakati pavatendi. Kuzvida nokuzvikudza kunobviswa uye hakutongi. Kuzvida kuri matiri kana tichingogumburwa-gumburwa nezvinhu zvisina maturo. Kuzvida kuri matiri kana tichingowisirwa pasi nezvnyika ino uye nokuda kwayo. Kuzvikudza kwose kuri matiri kana kunyengera kuri kutonga matiri pane kuti tive nokuzvininipisa. Mwari vanowanikwa chete apo pasina kuzvikudza uye apo Kristu nezita ravo rinokudziwa nekurumbidzwa. Ishe Jesu pavakati ***"Panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo"*** vari kufunga nezvevaviri kana vatatu vanenge vasiya zvose kuzomutevera. Izvi zvichizokwanisira kuva kwavo temberi yaMwari. Kana paita saizvozvo Mwari vanofara zvikuru kuva pakati pavo. Mwari vanofara zvikuru kuva pakati pechaunga chinenge chauraya kwose kuzvida nokuzvikudza. Apo vaviri kana vatatu vanowirirana kuva pamwe chete pamweya, [muzita raJesu], Baba vari kudenga vanogara pakati pavo. Mwanakomana waMwari anouyawo kuzogara pakati pavo. Izvi zvinoburitswa pachena nemanzwi aJesu panaJohane 14:20-23. Muukama uhwu chete ndimo matinonzwisisa aya manzwi ake anoti " Pazuva iroro muchaziva kuti ndiri munaBaba imi uri mandiri, uye ini ndiri mamuri. Ani naani ane mirairo yangu uye anoiteerera , ndiye anondida iyeye.. Uyo anondida achadikanwawo naBaba vangu, neniwo ndichamuda uye ndichazviratidza kwaari. Kana munhu achindida achateerera udzidzisa kwangu.Baba vangu vachamuda , uye tichauya kwaari toita ugaro hwedu naye"

Hapana ukama munaKristu hunopfuura uhwo hwunobudiswa pana Mateo 18 na Johane 14. Mashoko aJesu pamusoro poMweya Mutsvene anoti "Ndine zvizhinji zvokutaura kwamuri, zvakawanda zvokuti hamungagoni kuzvitakura zvose iye zvino. Asi kana iye, Mweya wechokwadi, auya, achakutungamirirai muzvokwadi yose. Haatongotauri zvake; achataura zvaanenge anzwa uye achakuudzai zvichauya. Achauyisa kukudzwa kwandiri nokutora pane zvangu achizvizivisa kwamuri" anongozozadziswa chete apo vatsvene vanange vari pamwe mumweya nemwoyo mumwe chete.

Kuungana Muzita Rake

Ko Ishe vanoreveiko namanzwi aya, ***panoungana vaviri kana vatatu muzita ravo?*** Hapanoi patiri kupotsa zvikuru savatendi.[Apo tiri kupesana nemakomborero zvisina mukare akamboona] Anoreva iye kuti arikuzova pakati paavo vanowirirana mukutsvaga kuda kwake, kwete kuda kwavo, avo vanomukoshesa iye saIshe, kwete ndokunge pane zvavanoda uye zvavanofarira ivo. [Tikasachenjerera] Icho chatinokoshesesa zvikurusa chingangova chimwari chedu. Kuvavarira zvedu chete kungangoita kuti tide Jesu nemhaka yokuti tinenge tichida rubatsiro rwake, kwete nemhaka yokuti tinomuda. Somuenzaniso kune vaya vanofarira zvikuru utano hwakanaka; zvokuti chikuru chavanofarira chete kubva kuna Jesu isimba rokurapwa nokuporeswa. Tingangokoshesa zvose izvo zvakanaka zvatinoda zvokuti tinozguma toona Jesu senzira yokusvika paicho chatinofarira. Zvatinokoshesa zvose zvingava zvakanaka, sokubatana, kuwadzana, kana mutsurudzo, kana upenyu husingaperi, apo tinozonoona Jesu sechimugwagwa chokunowana icho chatinoda [nokufarira]. Kana tikaita zvose izvi [tine pfungwa iyi] hazvisiri muzita rake, asi kuti muzita nokuda kwedu uye zvose zvichiitirwesu. Kunze kwokunge tamuda kupfuura zvose ndipo patinenge tichiita zvose muzita rake. Kana tichishuwira kuva kwake pakati pedu souyo anokwanisa kutibatsira chete kuwana izvo zvatinoda kupfuura iye, tichakatyamadzwa, nokuda kwokuti izvi hazvisi muzita rake. Ndooicho chakakosha chatiri kudzidza kubva kune aya magwaro atiri kuverenga. Tinakwanisa kukumbira izvo zvatinoda; tiri pamwe chete; asi kana zvisiri muzita rake, zvisingaitirwi iye, hapana zvizhinji zvatinowana. Kubva pachokwadi ichochi ndipo patinganzwisisa zvakanaka

(Inoenderera Mberi Papeji 9)

KUDURURWA KUKURU KWOMWEYA MUTSVENE

Kuti inyatsotapirirwa nanyaya inotevera tanga waverenga bhuku yaMabasa Avapositori chitsauko chechipiri naJoere 2:28-32.

Tinobvuma nokutenda here savatendi, kuti tiri kurarama muawara rokuguma ramazuva okupedzisira, uye kuti zvivimbiso zvose zvaMwari zvave kunozadzikisiwa. Ngatimboverenga zvakare mavhesi atatanga nawo pamusoro; "Mumazuva okupedzisira" ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari, "ndichadurura mweya wangu pamusoro penyama yose [pamusoro pavanhu vose]". [Mabasa 2:17]. Maringe namavhesi iwaya chokwadi chiri pachena ndechokuti yatiri kurarama inguva yokushanda kwoMweya Mutsvene. Pendakosti ndiro rakave zuva rokuzvarwa kweKereke yaKristu. Ndiwo akava mavambo eKereke yoMweya nesimba. Zvino kana mupositori Petro achitaura nezuva rePendakosti se "mazuva okupedzisira" zvinorevaka kuti isu [iwe neni nhasi] tave kurarama muma awara okupedzisira" emazuva okuguma. Tave pazuva roMugovera murungano rweKereke uye tave kunanairira paawa regumi neimwe. Jehovha vanoti ivo 'mumazuva okupedzisira" vachadurura Mweya Mutsvene wavo pamusoro pevanhu vose. Chivimbiso ichi chakazadziswa zvishomana pazuva rePendakosti. Zvasariresu nhasi uno kuti tione kuzadzikiswa kwose, kwakaperera kwokupedzisira. Kuti tione kudururwa kukuru kwoMweya Mutsvene nesimba rake. Rega ndikuyeuchidzezve mudikani kuti, yatiri kurarama nhasi inguva yokushanda kwoMweya Mutsvene. Ko aripo here magwaro anotitsigira patariro yedu yokudururwazve kwoMweya waMwari zvotodai kupinda 'muawa rokuguma' yamazuva okupedzisira? Ini ndinotenda kuti magwaro tinawo. Daviro yangu huru uye yakadzika ndeyekuti Mwari vamirira kudurura mweya wavo zvakare, uye kana vakasangana nehana dzakagadzirira vachapa mafashamu makuru emutsurudzo. Mafashamu iwaya, ndinodavirawo kuti ndiwo ari kudikanwa zvakanyanya paino nguva yatiri kurarama.

Ko mafashamu aya ndeevakaita seiko? Vashoma here kana kuti vazhinji? Ndeevatungamiri nevechirume voga chete here? Mhinduro inoti kwete! Mbiri yose ngaiende kuna Mwari vedu! Shoko ravo rinoburitsa pachena kuti " Ndichadurura Mweya wangu pamusoro pevanhu vose. Hongu pamusoro pavanhu vose! Vakweguri navadiki, vapfumi navarombo, pamusoro pavari kumusoro nevari kupasi,uye vachena navatema..."vanhu vose" ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari wedu.

Inzwa Jehovha vachitaura "vanakomana navanasikana venyu vachaporofita, majaya enyu vachaona zviratidzo.... Pamusoro pavaranda vangu ndichadurura Mweya wangu mumazuva iwayo "

Kwete murume woga asi nemukadziwo; kwete pamusoro pavatana chete asiwo vadiki; munhu wose. Ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari wedu. Vanasikana vachaporofita, uye navarandawo. Munhu wose anekodzero yokudururirwa iri simba [rokumusoro]. Kudururwa uku kuchave mupasi rose pamusoro pavanhu vose kwose zvakwo. Munhu wose anekodzero yokutsvaga aya mafashamu uye Kereke yose inobvumirwa kuatarisira. Kudururwa kwoMweya uku ndiyo chete mhinduro kumatambudziko ose atakatarisana nawo nhasi. Kwete mari, aiwa, asi kudururwa kwoMweya Mutsvene. Kwete kukakavara kuti tionekwe navanhu asi kushandira kuti tichengetedze huvepo hweMweya Mutsvene. Zvanzi izvo naJehovha ndichadurura Mweya wangu pamusoro penyama yose. Haleluya! Ichi ndicho chikuru chiri kudikana zvikuru munguva yatiri kurarama. Mweya Mutsvene. Mafashamu oMweya Mutsvene. [Haiwa rega nditi ini chamupupuri chokudururwa kukuru kwoMweya Mutsvene.

[Munamato: *Baba, simba nokuzodzwa kunobva*
(Inoenderera Mberi Papeji 10)

(Kubva Papeji 8)
manzwi aya aJesu: " Kana mukakumbira chinhu chipi zvacho muzita rangu, ndichaita" [Johane 14:14]

Tinoda here kuva naJesu pakati pedu kuti agotisevenzesa zvakazare mukuda kwake. Kana kuti tinomuda pakati pedu chete kuti zviendesere kuda kwedu mberi. Kana chiri chokutanga [chokuda Jesu pakati pedu kuti agotisevenzesa zvakazara mukuda kwake], zvose zviri muzita rake, asi kana zviri zvedu nokuda kwedu [kumuda pakati pedu chete kuti zviendesere kuda kwedu mberi] tiri kurasika. Kuti tive naShe pakati pedu, vashoma vedu [vaviri kana vatatu sokutaura kwaJesu] vanofanira kuwirirana, vari pamwe chete mumweya nemuzvokwadi.Tinofanira kusiya zvose tigotakura muchinjiko wake tichimutevera kwose kwaanoenda. Iye ndiye anofanira kubata hwose umambo. Kuzvininipisa [1Petro 5:5-6] uye kuzviisa pasi pomumwe namumwe tichitya Mwari ndiyo chete nzira yokurasira kuzvida kwedu kwose kure kure nesu uye kuti Jesu vagowana chinzvimbo chavo pakati pedu. [Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke]

Zvakanaka uye zvinofadza sei hama
Kana mukubatana dzichigara pamwe chete hama,
Zvakafanana naanokosha mafuta adururirwa pamusoro,
Anoerera kundebvu dzaAroni,
Anoburukira kusvikira pamipendero yenguo dzake,
Zvinoita sedova reHerimoni paGomo reZioni.
Nokuti ndipo pakaiswa kwaJehovha, kuropafadza,
Uhwu ndihwo husingaperi upeny,.
[Pisarema 133 sedetembo]
[From the HOHC, October]

(Kubva Papeji 9)
kumusoro ndozvatinokumbira nhasi. Mweya Mutsvene musimba rake rakaperera ndiye atinochemerera nehana nhasi. Ko hamungatimutsiridziwo here nhai Ishe, vanhu venyu vagofara mamuri. Muzita riri pamusoro pamazita ose, zita raJesu, tanamata, nokunyengetera. AMENI!]

"IZVI NDIZVO" Mabasa 2:14-18

Paive pasina kupokana paizvo zvaive zvaitika. Ndokusaka mupositori Petro achiti iye "Izvi ndizvo zvakataurwa". Munhu wose aive akatarisana nokuzadziswa kwezvakambenge zvataurwa nezvazvo. Chaive chiitiko chechokwadi chiri pachena, Pane chakaitika, icho chaishamisa nokukatyamadza uye chisina mukare akamboona zvokuti hapana kana aipokana nazvo.. Kwaive kusingori ''kutenda'' kwoga asi chaive chiitiko chezvokwadi, gutsa mweya nameso uye chakaonekwa masikati machena [zuva rakacheka nyika].

Zvinhu zvakatanga kuitika,zvishamiso neminana zvikatanga kuonekwa. Mweya akatanga kushanda zvinoonekwa uye ipapowo michero yoMweya ikatanga kuonekwa. Zvisiri zvokuda mbiri kwete, asi kushandira vamwe. Havana kubva panzvimbo iyi vachinotsvaga minana. Bodo! Vakabvapo vachitsvaga kushandira Mwari. [Chamupuri chedenga chakavashongedza nokusanyara pazvinhu zvouMwari. Inzwa mumwe wavo achitaura munguva yakatevera "handina nyadzi pamusoro peivhangeri nokuti isimba raMwari rokuponesa munhu wose anotenda: kutanga kumuJudha zvichitevera muhedheni]. Ko izvi zvakakonzerwa neiko? Pane zvinhu zviviri chete. Chokutanga, mazuva gumi omunyengetero. Kwete musangano wokutamba nokungotaura, asi wokuchema nokutaura naMwari. Mazuvaano isu tabatikana zvikuru sei zvokuti nzeve dzedu hadzichanzwi kana Mwari vachitaura nesu. Hatimbokwanisi kana nepaduku pose zvapo kumbonyarara zvishomana kuti Mwari vambotaurawo. Munhu anonyengetera kwe awara rose asina kumbomira kuti anzwe kuti ivo Mwari varikuti kudii, vazhinji vachitomurova bendekete kuti ishasha pamunyengetero. Iya minyengetero yokumira nokumiririra vanhu vakanyarara chatove chinhu chakare. Asika sokutaura kunoita Shoko, ava vakamirira. Mwari akavaona vakamirira. Kwamazuva gumi, vaive vakarerekera nzeve dzavo kumatenga. Petro akatombokanganwa nezvebasa rokuredza hove. Muteresi Mateo akatombokangamwawo nezveuteresi kwechinguva chishomana. Zvose zvipingidzo zvakamboiswa padivi. "Vatendi vose vakange vano mwoyo mumwe nendangariro imwe". Ndizvo Mwari vakavasvitsa vakagadzirira uye vakamirira kudururwa kweMweya Mutsvene.

Ndicho chinhu chikuru chiri kudikana nanhasi muvakristu—munyengetero. Kuzvipa nguva iwe woga naMwari. Uchimbonyararawo zvishomana kuti Mwari vambotaurawo uye kuti umbonzwawo kuti denga rinoti kudii. [Mudikani] Nyengetera, ugonyengeterazve kusvikira wadonongodza twose tunokunetsa. Kana Mwari vachinge vagadzirisa zvose, chirega ivo vakupe chionwa chitsva. Ramba wakaterama muhuvepo hwavo kusvikira woona samaonero avo, kusvikira waona zvavanoda kuti uone. Kana ukadana kwavari, vachapindura uye vachakuratidza izvo zvikuru zvakavanzika zvausingazivi. Vachakuudza izvo zvakakosha— kana ukavamirira. Kana zvikanonoka usaore moyo, ramba uchinamata nokunyengetera. Kunonoka hakuziri kuramba. Vapositori vakaramba vachinamata nokunyengetera!

VAKATENDA NOKUVIMBA NAMWARI

Iri ndiro rakave danho rechipiri—kutenda. Vakaisa chivimbo chavo chose mushoko rake. Ko ravaitenda shoko iri raive ripi? "Ndichatumira chipikirwa chakavimbiswa naBaba, imi garai muguta kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro" [Ruka 24;49]. Pana mabasa 1:4-5 Jesu anosimbisa zvakare ichi chivimbiso. Paakange achidya navo akavapa kurayira uku, akati, " Musabva muJerusarema, asi mumirire chipo chakavimbiswa nababa vangu, icho chamakanzwa ndichitaura pamusoro pacho. Nokuti Johane akabhabhatidza nemvura, asi mushure mamazuva mashomana muchabhahatidzwa noMweya Mutsvene". Akazononamatidzirazve uchi noudobodoo uhwu panaMabasa 1:8 "Muchagamuchira simba kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu, uye muchava zvapupu zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose nomuSamaria, uye kusvikira kumigumo yenyika" Pazvivimbiso izvi ndipo pavakaisa kutenda kwavo kwose. Kwete kuzvavainzwa zvinyika, kuzvavaifunga kana kukuda kwavo asi pashoko benyu raMwari. Vaiziva, zvisina kana kupokana kwose, kuti Ishe vachazadzikisa chete Shoko ravo. Vakamirira! Inzwa hama yangu, iyi, yakange isiri nguva yetora- nokutenda, kana iya yatingati shandisa ungwaru. Aiwa! Kwaive kutenda kwakazara, kupenyu uye kune tarisiro kunaMwari. Kutenda kunoziva nokuvimba naMwari. Nemhaka yei vasina kuregedza mushure mamazuva manomwe chete? Anditi dai ari nhasi ungadai takangoti "haiwa nokutenda zvichaitika handei. Sokuvimbisa kwake haaa zvichangozoitikawo". Asi ava Havana kusiya . vakaramba vakamirira chivimbiso chaMwari. Vakamirira.

*[**Munamato:** Baba, kuzodzwa kunobva kumusoro ndokwatinoshuvira nokudokwairira nhasi. Mweya Mutsvene musimba rake rakaperera ndiye atinogomerera nokuchemera nhasi. Timutsiridziwo nhasi Ishe, kuti vanhu venyu vagofara mamuri nokusingaperi. Muzita riri pamusoro pamazita ose, zita raJesu, tanamata AMENI!]*

VAIDOKWAIRIRA ICHO CHINOONEKWA

Vaida icho chinoonekwa nomunhu wose. Chinobatika! Icho chaizopupurirwa nomunhu wose pasina nharo. Ishe vakange vati ivo "kusvikira". Nesuwo nhasi tinokwanisa kumirira, tiine kutenda "kusvikira" Mweya mutsvene adururwa zvinesimba pamusoro pedu uye pamusoro peavo vasingamuzivi . Chiiko chinoitika kana Mweya Mutsvene akadururwa zvinesimba pamusoro pedu? Zvii

(Inoenderera Mberi Papeji 11)

(Kubva Papeji 10)

zvatinonotarisira kuona? Mhinduro tinoiwana paizvo zvakaitika pazuva rePendakosti mushure mokudururwa kukuru. Uye izvo zvakaitika Mwari vedu vanokwanisa kuzviita zvakare. Anogara akadaro zuro nhasi nokusingaperi; zvakaitika nezuva iroro rokudururwa kukuru vanokwanisa kuzviita zvakare nhasi. Ngatimbotarira tione izvo zvakaitika mushure mukudururwa kukuru uku kwoMweya Mutsvene.

VAKAVE NOKUSATYA

Chokutanga vadzidzi vakapiwa kusatya [chivindi]. Tarira musiyano unoshamisa uri pana Petro , uyo akamboramba Ishe wake pamberi pemhandara yechiJudha. Chimunza zvino amira pemberi pezviuru nezviuru zvavarume achivapomera mhosva yokuraya Mwanakomana waMwari."Naizvozvo vaIsiraeri vose ngavazive chinhu ichi: Jesu uyu wamakarovera pamuchinjikwa, Mwari vakamuita Ishe nakristu" [v 36] Iri, chete, isimba roMweya Mutsvene rinounza kusatya kunokatyamadza zvikuru. "Hazviitwi nehondo kana nesimba, asi nomweya wangu" anodaro Jehovah.

VAKAVE NESIMBA RAKAWEDZERWA

Chechipiri, vakave nesimba rakawedzerwa, simba rinoshamisa. Ndiroka simba ravaive vakavimbiswa paye naIshe wavo, "muchagamuchira simba roMweya Mutsvene". Kwete simba raive mavari ravakazvarwa naro, asi simba raishanda kubudikidza nemavari richibva muchitubu choMweya Mutsvene waigara mavari. "Ani naani anotenda kwandiri sezvakarehwa mumagwaro, hova dzemvura mhenyu dzichayerera dzichibva mukati make". [Johane 7:38] Uye, [maiwe zvangu kani], tarira mabasa anoshamisa akaonekwa zuva iroro. Inzwa! Vanhu "vakakatyamadzwa uye vakakanganisika". [2:12] Ndoochakave chokutanga ichocho. Varume navakadzi vakuru vakakatyamara vakavunzana vachiti "Zvinoreveiko izvi",[12] Miromo yose yakabvunzana. Vakakatyamara, vakakanganisika nokuvhirinzidzika. Ndozvinoitika, uye ndizvo zvinofanira kuitika, kana Mweya Mutsvene wadzira pamusoro pevanhu vake. Vanokatyamara. Mubvunzo mukuru ndewokuti, chiiwo chakamboitika mumisangano yedu chakakonzera kukatyamara nokukanganisika kwavanhu? Kereke yenyu yakagumisira riini kukatyamadza nokukanganisa. Vaenzi vakaenda here vachinoudza hama neshamwari nezvemabasa anoshamisa aMwari paKereke yenyu. Kana zvisinakudaro, nemhaka yei? Hakuziri kuti here hapana minana iri kuonekwa. Hazvingadaro here kuti Kereke yenyu yangofananawo nedzimwe nzvimbo. Kungove nzvimbo yakajairika somubhawa kana muchitoro.

*[**Munamato:** Baba, kuzodzwa kunobva kumusoro ndokwatinoshuvira nokudokwairira nhasi. Mweya Mutsvene musimba rake rakaperera ndiye atinogomerera nokuchemera nhasi. Tidzizdziseiwo savadzidzi vapakutanga kunyengetera, kuti tigofara mamuri nokusingaperi. Muzita riri pamusoro pamazita ose, zita raJesu Kristu, tanamata AMENI!]*

TINOTARISIRA HERE ZVISHAMISO

Chitendero chedu ndecheminana. Nemhaka yeiko tisingatsvagi Mwari musimba ravo rose, kuti vaite zvishamiso neminana pakati pedu. Chikonzero ndechokuti Mweya Mutsvene haasi kudururwa mumaKereke edu zvinemutsindo. [Somutungamiri weKereke] Kumbira Mwari nhasi kuti akudururire mafashamu oMweya Mutsvene. Uchaona zvinokatyamadza, neminana zvichiitika. Mhaka huru ndeyokuti tagarisa zvikuru tisingaoni minana nezvishamiso zvokuti tatove vana "zvakanaka zvakadaro". Kana minana ikavapo ndisu tinototanga kutiza saMosisi. Kana Mweya Mutsvene adururwa hazvidi kushambadzirwa, uye zviri nyore kukokera vanhu kumisangano yedu. Hazvimbonetsi napaduku pose. Bvumidza chete zvinokatyamadza nokushamisa, uchaona muKereke musisina nzvimbo yokuvaisa vanhu vanenge vachiuya. Vanoita chipiti-piti kuzoona zvinenge zvichiitika.

MHOSVA PAMUSORO PECHIVI

Chechitatu: Vanhu havana kungokatyamadzwa chete, vakabayiwa neshoko. "Zvino vakati vachinzwa izvi, vakabayiwa pamwoyo vakati kuna Petro navamwe vapositora, 'Toiteiko?' Hapoka! Mweya Mutsvene aive obata basa rake. Ndizvo zviya zvaive zvavimbiswa naishe, "Kana akasvika achapa nyika mhosva pamusoro pechivi" [Johane 16:8]. Paakango dururwa chete pamusoro pevadzidzi akabva atotanga basa rake rokubaya baya mwoyo yavanhu. Kubaya kwaitonzika kuti dyo-o kusvikira vabvunza kuti "nhai hamawe voiteiko? ["Shoko raMwari ibenyu uye rine simba rose. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri. Rinobaya kusvika kunyange panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo, rinotonga mifungo nendangariro dzomwoyo. Hakuna chisikwa chakavanzika pamberi paMwari' [Heb 4:12]

Ndozvazvaiveri, ndazvazviri, uye ndozvazvichava kana Mweya akabvumirwa kushanda.uye kana kukava namafashamu mudziKereke dzedu. Vanhu vanobaiwa!

Ndicho chinhu chikuru chiri kushaika mubasa raMwari nhasi. Shoko redu harichabayi sepakutanga. Haricharwadzi. Avo vanonzi vatendeuki vanotouya mberi zviya zvefadza-muparidzi uye vachitonyemwerera sevasina mhosva yechivi. Zviri nyore ,hama yangu, kungounganidza vanhu, asiwo zvine ngozi huru kana vasina kubayiwa zvakadzika neshoko raMwari. Shoko rinobaya, ndicho chinhu chiri kudikana kupfuura zvose nhasi. Kubayiwa kunosiya vanhu vane mubvunzo 'Nhai varume toiteiko?, pamiromo yavo. Mwari ngaatitire nyasha, atisunungure kubva kuivhangeri yanhasi inongokushiwa asi isina simba nokubaya. Tanzwa,veduwe, taguta neivhangeri yakareruka uye yakazara pfa-a nezvisekeso nokufadzana asi isingabayi dyo-o mudzihana dzedu. Ivhangeri isingachemedzi. Hazvishamisi nei Mweya mutsvene asiri kushanda nhasi mumakereke edu. Mharidzo dzedu dzave dzokusekedzana nokufadzana, uye dzimbo dzedu dzave dzokusimudza makumbo asiwo dzisisa simudzi mweya yedu.

(Inoenderera Mberi Papeji 12)

(Kubva Papeji 11)

Dziya dzimbo dzakare dzinopa mhosva yezvivi dzasendekwa padivi. Kuvapo kwomweya mutsvene kwonzi ngakuonekwe neruzha ruripo uye kuti mharidzo yaisekesa vanhu zvakadii. Ko nhai hama, mweya mutsvene angashanda sei pakadai?

Kubayiwa neshoko hazvirevi kutendeuka chete. Aiwa. Zvinoita kubaiwa neshoko asi usingatendeuki. Kunze kwokunge abaiwa neShoko akatendeuka, hapana basa rinenge raitwa.Shoko kana richinge rabaya panofanira kukonzera kusiya zvivi. Apo pane kudururwa kwoMweya Mutsvene panewo mherekedzo yokutendeuka kwakaperera. Mweya yavanhu igozvarwa patsva nokuponeswa. Nezuva rePendakosti hapana kungova nokutya chete, kana kungova nesimba chete kana kubayiwa kwoga asiwo pakave nekutendeuka kwakaperera. Haleluya! Vanhu vakaponeswa zvechokwadi zuvaro. Vakapfuurira vachiyambuka kubva kurufu kuenda kuupenyu, kubva kumarinda vachienda kukubwinya. Sezvo Mwari vane nyasha nemwoyo murefu, havadi kuti ani naani zvake arasike naizvozvo chinangwa chake ndechekuti vose vatendeuke. Kana kereke isingatendeutsi vanhu haina chikonzero chokuvapo. Takadanirwa kuponesa vamwe. Kana Mweya Mutsvene akadururwa zvinesimba vanhu vanoponeswa pachokwadi zvisina tsvete. Kana tisiri kuwana vanotendeuka, ungava mucherekedzo wokuti hapana kudururwa kukuru kwoMweya, nokuti kana akauya anozvara vanhu patsva. "Avo vakagamuchira shoko rake vakabhabhatidzwa" [41] uye pazuva iroro vanenge zviuru zvitatu vakawedzerwa pauwandu hwavo. Paive pasina kunyengererana, kana kukakavadzana. Vakauya! Ngozi yaivepo vakaiona nameso aive azarurwa nemweya Mutsvene. "Zviponesei" ndiro shoko rakavasimudza. 'Nhai varume toiteiko?' ndiyo yakave mhere kubva pamiromo yavo vose. Vakadavira kukutaura kwomweya Mutsvene kwete Petro. Nhasi uno, uh! Hama yangu, zvashanduka. Tinomirira tichinyengetedza nokunyengerera vanhu, dzimwe nguva kwemaminitsi makumi matatu muvhangeri achingonyengerera vanhu kuti vatendeuke. Mushure ndoopaunozoona, munhu oti kwaku, achiuya zvishoma shoma, asinganyari sokunonzi arikutonzwira muvhangeri naMwari tsitsi. Ungati ityira kunyadzisa muvhangeri. Kazhinji zvanoitika pakadai, itendeuka musoro chete kwete mwoyo, nokuti fume mangwana racho munhu anotsvedzera mumashure. Hongu mudikiani, ndozvitiri kuona nhasi mumakereke edu.

Asi ndizvo here zvazvaveri pazuva riya rePendakosti? Kwete. Pazuva iroro vakafara uye vakauya nokukurumidza kunaIshe. Kubayiwa neshoko kwakaonekwa pachena. Mweya wakabata basa rake. Vakange vane mikwende yairema kumisana yavo, uye chavakange voda chete kuitura. Ndozvazvinoita kana Mweya otanga kushanda. Vanouya vachimhanya. Vachiita chipi-piti piti semombe dzinomhanyire chitubu chemvura. Muvangeri anotombomira nokuti vanenge vopitizirana. Vanotouya chete, havaregi, nokuti ndiyo chete nzira yavanenge vaona yokutura mitoro yavo.

"Vakazvipira" [v 42]. Uku ndiko kutika havana kudzokera shure. Chikonzero nei tiine tsvedzera shure dzakawanda mazuvaona mudziKereke dzedu imhaka yokuti hatina avo vanonyatsogara mutserendende vakananga kuna Jehovah Mwari wavo. Tine tendeuka misoro chete, kwete kuva mumweya nehana. Havana kubatisisa icho chavanotaura. Pave paye unozonzwa voti "A veduwe ndakambozviedza asi zvakaramba" hapana kwavanosvika. ChiKristu hachiidzwi. Kana! Chinopindwa kamwe chete uye nokuperera. Kuzovadzorera kuKereke vanhu vakaita saivava zvakaoma sokupamba guta.

KUZADZA MIFUNGO NESHOKO RAMWARI

Charles Finney, muparidzi mukuru aiva nesimba guru, zvichienzaniswa namazuva avapositori. Mharidzo dzake dzaive dzakananganga nechivi. Aitarisana nemifungo yavanhu kubudikidza neShoko raMwari. Ndiyo mhaka nei vanhu vake vaimira vakasimba pachetendero chavo. Gumi navashanu chete muzana ndivo vaidzokera shure. Makumi masere navashanu vairamba vakabatirira. Kana tichizvienzanisa navaparadzi vane simba savana D. L. Moody naWesley, vaigaro chema chema nedambudziko ravazhinji vaitsvedzera shure. "Vakazvipira" Mashoko aya anofanira kutisiya tinomubvunzo wokuti nemhaka yeiko vanhu vedu vachitsvedzera shure nguva dzose. Hazvina kufanira here kuti patinodzokera kuavo vatakaparidzira mushure mamakore mashanu chete kana gumi, tivaone vachakangobatirira? Kana zvisina kudaro tiri kuitei sekereke yaMwari? Misangano yedu haisi kutoomesa hana dzavazhinji here zvokuti vanotevera shure vachava nebasa guru kwazvo Zviri nani kava nevashoma muKereke asi vakamira vakashinga pane kuva nedzamatsama ravanopupura asi vachinopozhomokera shure savakatsika derere kana mateko ebhanana.

SIMBA REKEREKE TSVENE

Mushure mokudururwa kwoMweya Mutsvene nezuva rePendakosti, minana yakaonekwa. Vanorwara vakaporeswa, uyewo vamwe vakadzikinurwa padzinjodzi norufu. Ndiroka simba reKereke yaMwari. "Vanhu vose vakabatwa nokutya, uye zvishamiso zvizhinji nezviratidzo zvakaitwa navapositori". [2;43]. Zviratidzo, zvishamiso neminana zvakaitwa zvaive zvakawanda zviya zvokuti Shoko rizvidononggodze zvose, ndokusaka zvakangozoputiridzwa neaya mashoko "Vapositori vakaita zviratidzo zvizhinji nezvishamiso pakati pavanhu... nokuda kwaizvozvo, vanhu vakauya navairwara munzira dzomumisha vakaradzika pamibhedha napahukwe vachiitira kuti mumvuri waPetro ungawira pana vamwe vavo paainge ava kupfuura napavari" [5:12,14,15]. Rigoenderera mberi richiti iro, "Vanhu vazhinji zhinji vaibva mumaguta akapoteredza Jerusarema vakaunganawo, vakauya navarwere vavo nevaya vaitambudzwa nemweya yakaipa, uye vose vakaporeswa" [16]. Heanoka mabasa anokatyamadza! Ndiro simba reKereke yaMwari. Zvikuru sei kana Mweya mutsvene achinge adururwa. "Vadzidzi vakabuda vakanoparidza kwose kwose, uye Ishe akashanda navo uye akasimbisa shoko rake

(Inoenderera Mberi Papeji 13)

(Kubva Papeji 12)

nezviratidzo neminana yaivatevera" [Mako 16:20]. Izvi ndizvo zvakaitika mumutsurudzo dzose dzamakore akapfuura. Pose paidururwa Mweya mutsvene minana, zvishamiso nezviratidzo zvokuporeswa zvaionekwa. Mweya mutsvene aishanda nenzira yapamusorosoro Mumabhuku ake John Wisiri anonyora nezviitiko zvinoshamisa zvaiitika mumisangano yake. Zvimwe chetezvo nemutsurudzo yeIrishi yegore ra1850. Charles Finney nayewo akaona zvishamiso zvikuru mumisangano yake. Zvisakushamisa hama kana ukaona zvishamiso neminana pose apo panenge padururwa Mweya mutsvene nhasi. Chinofanira kukukatyamadza ndokusaona minana nezvishamiso mukereke yaMwari wezvishamiso. Kana Mweya Mutsvene achinge atsika, pane zvinofanira kuitika chete. Chikonzero nei vamwe vedu vasiri kuporeswa apo tinovanyengeterera, imhaka yokuti mweya mutsvene anenge asiripo. Hama yangu tsvaga kudururwa kukuru KwoMweya mutsvene, zvose zvinofamba.

*[**Munamato:** OH ! Mweya Mutsvene waBaba, musimba renyu rakaperera dzikai mugobata hana dzedu iye nhasi. Mutsiridzai muviri yafa Ishe, kuti vanhu venyu vagofara mamuri nokusingaperi. Muzita riri pamusoro pamazita ose, zita raJesu,tanamata nokunyegetera AMENI!]*

VAKASHUNGURUDZWA

Avo vanorarma upenyu hwoumwari vakaperera munaKrsitu Jesu vachatambudzwa. Ndizvo zvakaitika nezuva iroro rePendakosti. Paakango dururwa chete Mweya Mutsvene pamusoro pavadzzizi, Satani nayewo akatangawo kudzvova. Chiripo ripocho vakange votokweshana navaprista uye vSadhuse. Vakazoona aikazve vatove mujere. Satani akange otangawo basa rake. Inzwa! Usafe wakafunga kuti vaprista navasadhusi vakapera vose kufa. Vachiriko. Mweya mutsvene akangodururwa chete uchavaona. Ndivo vanotanga kusimuka nokupotsera matombo. Wakambozviona here kuti kushungurudzwa kukuru kwavanomweya mutsvene kunobva kuvanotenda uye vazivi veshoko raMwari. Vose vakazadzwa nomweya mutsvene vangapupurirana neni ipapa. VaSadhusi navaprista vachiriko. Ndivo vanofanira kuva chiratidzo chesimba roMweya Mutsvene . Chinzwa zvakazoitika. Vakatsutsurudzwa vakanobvuzurudzwa uku vakanongedzerwa mapanga mumeso sevanonyemudzwa midzonga yenyama. Asika kushinga nemhinduro dzakapiwa navapositori dzairatidza simba roMweya mutsvene. Havana kudududza kana kudzokera shure. Vaive vasina kutya! Inzwa mhinduro inopiwa naPetro, "tongai henyu imi kana zvakarurama pamberi paMwari kuti titeerere imi here kupfuura Mwari. Nokuti isu hatigoni kurega kutaura pamusoro pezvatakaona nezvatakanzwa". Haleluya! vaSadhusi Havana kugona kufunga kuti voita sei.

Dai kwanga kuri nhasi unofunga taiita sei? "chenjerera varume, mufambe zvakanaka pore –pore. Imbomirai mozoti pave paya. Remekedzai vatungamiri venyu...Imbomirai kuparidza mozoti pave paya zvave nani" nezvimwewo zvakadaro. Asi kwete vanaPetro.

Vakasvika pakuvasununguru asi vachingokohomedzesa kuti vasadzidzisa muzita raJesu. Zvinzwire wega mubhuku yaMabasa avapostori. Ko vana Petro vakamira here kuparidza ivhangeri sokurayirwa kwavainge vaitwa. Kwete! Kungobuda chete vakamhanyira kuhama dzavo, uko vakanosimudza munyengetero waive nesimba guru.

"Zvino ishe tariririai kutyisidzira kwavo mugopatsira veranda venyu kuti vataure shoko renyu nokushinga kukuru. Tambanudzai ruoko rwenyu kuti muporese uye zviratidzo nezvishamiso kubudikidza nezita raJesu muranda wenyu mutsvene".

Imbonyatsofungisisa! Vadzidzi vari kunyengeterera kushinga kukuru. Ukuwo vari kukumbira zviratidzo minana, uye nokuporesa kwakawedzerwa. Ndizvoka zvakange zvavapinza munataisireva. Mwari vakapindura. "Mushure mokunge vanyngetera,nzvimbo yavakanga vari yakazununguka. Uye vose vakazadzwa nemweya Mutsvene vakataura shoko raMwari vasingatyi". Mushure mechinguvana vakange vavezve mutirongo. Ah apa pakave nechisakaonekwa. Dzimwe nguva unombonzwa zvichiti dai waivepowo, uzvionerewo pamhino sefodya. Kupedza kungotora bhuku yaMabasa wozvibaya wega. Vakavunzurudzwa vakazosununguru, asi vambonanzwa nanzwa nerushambhu. Nedzimwe nguva ndinombonzwa zvichiti dai kereke yanhasi yambopindawo mumatambudziko akaita saiwaya. Zvimwe ndipo patinganyatsoona makrstu echokwadi nevanonyengera.

TINE ZVIZHINJI ZVOKUITA

Chimwezve chatinoona ndechokuti vakapihwazve mweya unoshamisa womunyengetero. Pane udobo dobo hwomunyengetero hwavakapa pana Mabasa 4: 23-31. Munyengetero kwavari chaive chinhu chakakosha zvikuru. Vanzwe vachitaura pane imwe nguva, "ticharamba tiri pakunyengetera napaushumiri heshoko" [6:4]. Rangarira, pazuva rakasununguru Petro kubva mutirongo. Vakanyengetera. Paive pasina nguva yokuvata kana kuzorora. Kwavari munyengetero raive basa. Nanhasi zvichingori saizvozvo. Ibasa!

Hama yangu, munyengetero ndeicho chakavanzika chiri mukudururwa kwoMweya Mutsvene kubva kare kusvika nanhasi. Fungisisa nezvemweya womunyengetero waiva pamusoro paFinney uye aya maMethodist okutanga. Maiwe zvangu kani, vainyengetera! Vaimirira, vachichema paminyengetero vasina mhaka nokufamba kwenguva. William Bramwell, aipedza potse mazuva maviri pavhiki ari mukutsanya nekunyengetera. Vaipedza usiku hwose vakatarira vachinyengeterera. Ndozvazvichiri nanhasi. Kana Mweya mutsvene awira pamusoro pavanhu vanowirwawo nemweya womunyengetero. Rumutsurudzo rwechokwadi runounza mweya womunyengetero. Dai wedenga atinzwira nyasha atinanzvisazve iyi mutsurudzo. Tigova vakaperera paminyengetero. Mumwezve muenzaniso wokudururwa kwoMweya tinouwana pachiitiko chomuimba yaKonoria

(Inoenderera Mberi Papeji 14)

(Kubva Papeji 13)

[Mabasa 10]. Achitsanangura muchitsauko 11 mupositori Petro anoti iye, "Pandakatanga kutaura, Mweya mutsvene akauya pamusoro pavo semauyiro aakaita kwatiri pakutanga" [11:15]. Haleluya! Dai Mwari vambotipamhazve nhai! Chinhu chakadai chichiri kuitika here muushumiri hwedu. Pakambova here nechiitiko chaunoti kana wotsanangura unongoti chete, "Pandakatanga kutaura, Mweya mutsvene akauya pamusoro pavo semauyiro aakaita pakutanga". Mwari vakaita zvishamiso neminana zuvaro uye ichi ndicho chiri kudikanawo zvikuru nhasi. Kudururwa kwomweya sapakutanga. Kunze kwokunge Mweya Mutsvene ashanda, misangano yedu ingava yakaoma nokusvavarara. Asi kana akadururwa zvishamiso zvichawanikwa. Zvinova nyore kutendeutsa mweya yavanhu, kudzorera tsvedzera shure uye nokukurudzira vatendi. Zviri nyore kuti Kereke huru ishande mabasa ayo zvokuti inokwanisa kupa rondedzero yamandorokwati pamisangano yayo; vaimbi vayo vari vamandiriri, dzimba dzavo dziri chitaurirwa mbare yemusana, muparidzi wayo achipfuta moto nokumusana, utungamiri hwayo huchigona basa, vanhu vachiuya ivhu namarara, zvivakwa zviri zvidau dau, uye zvose zvazvo zviri muchechetere mura yeguvi. Vamwewo vagoirumbidza. Asika kana touya pauwandu hwavanhu,kanapo ine zviuru nezviuru, zvigozoonekwa kuti vazhinji havana kuzvarwa patsva zvechokwadi uye kuti havaratidzi michero yomweya. Nyaya huru inenge iri yokuti basa raMwari riri kushandwa zvaro asi pasina huvepo nesimba roMweya Mutsvene. Kunze kwokunge Mweya adururwa zvinhu zvose zvingangova pasina. Pose paive onopeta Mharidzo dzake Wisiri aivhara meso ake odanidzira kuna Mwari kuti vasimbise shoko ravo, uye kuti varatidze chokwadi cheshoko ravo. Zviratidzo zvaiwanikwa. Varume navakadzi vaiwira pasi nesimba roMweya mutsvene vachichema uye vachikumbira nyasha neruregerero rwaMwari. Vanhu vaiona nokubvuma kuti Wisiri aive muranda waMwari , uye kuti Shoko rake raive dzvene, uye kuti Mweya Mutsvene aivepo musimba rake guru. Ndozvazvaveri muushumiri hwaFinney. Mashoko mashomana musimba roMweya aibata upenyu hwavanhu nokusingaperi. Mushure mokutendeuka kwake munhu wose waaitaura naye nezveruponiso akatendeuka ipapo kana kuti mumazuva mashomana aitevera. Pose paaishumira paive nokudururwa kwoMweya Mutsvene uye nokubayiwa neshoko kwavazhinji, uye vachitsvairirwa muumambo hwedenga. Zvinonzi nerimwe zuva Finney akange achiparidza pane chimwe chikoro. Pakutanga vadzidzi navanhu vakamugumbukira. Asi pave paya zvinhu zvakashanduka. Mweya Mutsvene akadururwa, uye nechinguvana munhu wose akange ave pamabvi mumunyengetero. Kuchema nokugomera kwavo kwaive kwakadzika-dzika zvokuti Finney haaitombonzika. Kuna Finney izvi zvaigaroitika. Aishumira ane tariro yokuona Mweya uchidururwa pamusoro pevanhu. Kana zvisaiita saizvozvo Finney haaigutsikana nazvo. Kana Mweya Mutsvene adururwa rake basa kwaive kunongedzera vanhu kuna Mwari. Ndiyo mhaka nei Finney akagara makore akawanda achifema mweya wemutsurudzo. Aive akazadzwa neMweya Mutsvene. David Brainerd nayewo akaona zvimwe chetezvo. Kwemwedzi yakawanda aive ashanda pakati pavaIndia zvisina pundutso. Zvakazongoti nerimwe zuva achitaura samupositori Petro Mweya Mutsvene akawira pamusoro pavaIndia. Pasina chinguvana vose vakawira pasi vachichemera nyasha dzowedenga. Pachinguvana chishoma David akaona basa zhinji richishandwa kupfuura munguva yakapfuura. Nayewo akapupura samupositori Petro achiti , "Pandakatanga kutaura, Mweya mutsvene akauya pamusoro pavo semauyiro aakaita pakutanga". Regai tigumisire nakunzwazve aya manzwi, "Mumazuva okupedzisira" ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari, "ndichadurura mweya wangu pamusoro penyama yose [kana kuti pavanhu vose]". [Mabasa 2:17]. Dai Mwari vakaita ichi chive chinhu chatinoona muushumiri hwedu nhasi, uye vagobvumira kuti Mweya mutsvene adururwa nesimba rake rose. Dai tose, savaKristu tamutsvaga zvakanyanya kubudikidza nemiteuro, minyengetero neminamato. Kudururwa kukuru kwoMweya Mutsvene—ndicho chinhu chikuru chiri kudiwa panguva ino.

Kubva MuHerald Of His Coming ya1990.

Munamato: *Oh Mweya Mutsvene wababa.Buruka zvino nesimba rako rose. Uya kufanana nokupenya kwezuva. Vhenekera mwoyo yedu, utionese kuipa kwedu. Oh mweya mutsvene,waBaba, gara matiri tarira tarasika wani. Buruka nhasi nesimba rako tivezve vatsvene vakaperera.* Ameni

Chikumbiro!!!

Mharidzo Yokuuya Kwake ingafara zvikuru kana ikawana tsamba dzinobva kwamuri imi vaverengi. Ndapota tItumiraiwo tsamba dzenyu muchitiudza kuti murikuzvinzwa sei zvatiri kukupai uye neizvo zvamunotarisira kuti dai zvawedzerwa. Motiudzawoka nhai hama kuti Mwari muri kumushandira sei uye kuti neyewo ari kushandawo sei mumaKereke enyu. Titumireiwo zvikumbiro zveminyengetero. [Ps.133:1,3]. *"Tarirai zvakanaka sei kana hama dzichigara pamwe chete murugare...Nokuti ndipo Jehovha akaraira kuropafadza kwake, ndihwo upenyu usingaperi"*

Tumirai tsamba dzenyu pakero inoti:
Mharidzo Yokuuya Kwake
1257 Emganwini, P.O. Nkulumane
Bulawayo

Kana pa: mharidzo4Him@yahoo.
Nhamba dzerunhare ndedzinoti: 0912 929 673

Verenga Bhaibheri Uye Ufadzwe Naro

"Unozviziva here kuti Bhaibheri [Shoko raMwari] ndiro bhuku rinotengwa kupfuura mamwe mabhuku ose zvawo uye kuti ndiro bhuku rinoverengwa zvakanyanya kupfuura mamwe mabhuku ose pasi pose? Bhaibheri rinotaurwa nezvaro kupfuura zvimwe zvinyorwa zvose uye ndiro rinonyanya kushanda pamitauro, tsika uye nemirairo yedu kupfuura bhuku ripi zvaro rakadhindiswa. Asika kana zvakadaro zvazvo, vanhu vazhinji vanofunga kuti Bhaibheri rine mutauro wakaoma zvikuru kuti munhuwo zvake arinzwisise. Vamwe vanotya, kana vachiona makuriro eBhaibheri, uyewo vamwe vanhu havatarisiri kuona chinhu chingabatsira kubva muBhaibheri pamatambudziko ose zvawo atinosangana nawo savarume navakadzi. Asika, imbozvibvunzawo kuti, nemhaka yeiko Bhaibheri rakava nomukurumbira mukuru kudai? Mhinduro ndeyinoti: Nokuti mariri Mwari anotaura nezvematambudziko edu uye anopawo mhinduro. Jesu vakati "Uyai kwandiri, imi mose makaneta, makaremerwa uye muchawana zororo. Takurai joko rangu , mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo unozvininipisa, uye muchawana zororo remweya yenyu"[Mateo 11:28-30] Mupositori Petro akanyorawo achiti, "Kandai pamusoro pake kufunganya kwenyu kwose nokuti anochengeta". [1Petro 5:7]. Kunyange zvazvo Bhaibheri riri bhuku rakare, uye richiita serakaoma, Mharidzo yaro inokosha kwazvo uye inoenderana nenguva ino. Ndokusaka richiramba riri pamberi pamukurumbira waro. Bhaibheri shoko raMwari, rine manzwi oupenyu, riverenge nhasi mariri uchawana zororo nemhinduro kubva kuna Mwari mumatambudzio ako.

Kana uchitanga kuverenga bhaibheri nhasi, ungangotanga nokuverenga bhuku raMako kana raJohani. Mako anopa nhoroondo youpenyu hwaJesu. Johani anopawo nhoroondo yaJesu, asi namamwe maonero akati siyanei zvishoma navamwe vanyori. Ungangodawo kuzoverenga tsamba kuva Roma, iyo yakanyorwa namupositori Pauro uyo aiva mutungamiri muchiKristu mumazuva okutanga, kana Mabasa , nhoroondo inofadzwa yamazuva okutanga ekereke payakatanga ichiri diki, uye nezvevanhu vakabatsira kuparadzira nyaya yaJesu nedzidziso yake munyika yose yaitongwa navaRoma.

[Kubva muBhaibheri Dzvene, Muchishona Chanhasi, pasi pomusoro unoti "Mashandisiro Ebhaibheri]

ARIPO ARIKUNDITEVERA!

NaGodfrey Ndiriwenyu

Ndinofanira kufamba zvinoungwaru,
Nokuti chirikuteverawo,changu chana Ngwaru,
Handifaniri kana zvangu kumbotsauka tsauka,
Ndinotyira nayewo, uyu mudiki, angangotsauka.

Muake meso zuva nezuva handibve, bodo,
Chaanoona ndichiita nayewo anochiedza,
Aneshuviro yokuva sezvandiri, sakawo achiedza,
Ndorevaka uyu mudiki wenyama nerangu godo.

Mudzake pfungwa ndakachena, kuti weke-e!
Anotenda murimwe narimwe rangu shoko,
Chokwadi haafaniri kuona hwangu huuori,
Uyu mudiki anonditevera, nzeve akatingwari.

Ndinofanira kurangarira pose pandinofamba inza,
Mungave muchirimo, muchando kana mumainza,
Ndirikuvakurudza ake makore anotevera,
Iye uyu mudiki muzvineungwaru arikunditevera.

Ndinofanira kufamba zvakati twasu, zvinoungwaru,
Nokuti chirikunditevera,changu chana zvineungwaru,
Handifaniri zvangu kana kumbotsauka tsauka,
Nokutika nayewo, uyu mudiki, angangotsauka.

Veduwe vana vedu ava isamende yakanyorova,
Nokufamba kwenguva iyi samende ichaoma,
Mubvunzo ndounoti ichange yakabatei painooma,
Upenyu here husingiperi kana izvo zvinorova?

Ko Iwe Unomuti Ndianiko?

NaGodfrey Ndiriwenyu

Nerimwe zuva Jesu akange achifamba nevadzidzi vake mudunhu reKesaria Firipi apo akapa mubvunzo mukuru uye wakakosha achiti, "Vanhu vanoti Mwanakomana womunhu ndianiko". Vadzidzi vake vakamupindura vachiti vamwe vanoti muri Johane mubhabhatidzi, vamwewo vanoti Eria, vamwewo vachiti Jeremia kana mumwe wavaporofita". Akanozoutendeutsirazve kwavari akavabvunza achiti, "Ko, imi munoti ndini aniko?"

Simoni Petro mumwe wavadzidzi vake, akapindura akati, "Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu [Mateo 16:13-16].

Munyaya iyi Jesu akabvunza vadzidzi vake mibvunzo miviri yakakosha zvikuru kwazvo muupenyu hwomunhu wose zvake achiri kurarama: "Vanhu vanoti ndini aniko?" newokuti "Imi munoti kudini? Munoti ndini aniko?" Wokutanga wakakosha nokuti unotibvumira kuverenga nokunzwawo mifungo nepfungwa dzavamwe vanhu vakatikomberedza, "Vanhu vanoti Mwanakomana womunhu ndianiko". Mubvunzo wechipiri, unechokuita nokusingaperi yedu, nokuda kwokuti, ndokunge chete tamubvuma Ishe Jesu Kristu, soMwanakomana waMwari mupenyu, uye nokutenda tichitambira chipo chake choruregerero, apo tinokwanisa chete kurarama nokusingaperi. "Kana ukapupura nomuromo wako kuti, "Jesu ndiye Ishe uye ukatenda nomwoyo wako kuti Mwari akamumutsa kuvakafa , uchaponeswa. Nokuti unotenda nomwoyo wako ugoshairwa mhosva, uye unopupura nomuromo wako ugoponeswa" [VaRoma 10:9,10] . "Asi kuna vose vakamugamuchira, kuna avo vakatenda muzita rake, akavapa simba rokuti vave vana vaMwari, vana vasina kuberekwa neropa kana nokufunga kwomunhu kana nokuda kwomurume, asi vakaberekwa naMwari" [Johane 1:12].

Muporofita Isaya akanguri azviyanika pachena kare kuti kana Mesiya akavimbiswa achinge auya aizono zadzikisa mazita ose, ayo aaive aporofita: Izova "Gota Rinoshamisa" "Mwari Ane Simba" "Baba Vokusingaperi" "Muchinda Worugare" . Jesu Kristu vakauya panyika vakazadzikisa zvisina mukare anopikisana nazvo kuti ndivo chete Mesiya, Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu uye vakazadzikisazve zvose zvadomwiwa [pamusoro]. Aiva Mwari munyama, akauya kuzoratidza hwose huMwari uye kusunungura vanhu vose. Uye nokuda kwesimba rake mukuzadzikisa zvose izvi, akazopa aya manzwi: ["Ndini nzira nechokwadi noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri". [Johane 14:6].

Iyi ndiyo danidziro yeBhaibheri uye ndicho chiponda moyo chokutenda kwavaKristu: Jesu ndiMwari Ane Simba rose, uyo akauya panyika kuzoponesa vatadzi."herino shoko rezvokwadi rinofanira kutendwa kwazvo: Kristu akauya munyika kuti aponese vatadzi.." Mhinduro yako ndeipi kudanidziro iyoyi uye kuumboo ihwohwu hwokuti Jesu Kristu ndiye chete musununguri kuvakaremerwa nezvivi, uye kuvanhu vakarasika avo vari chiratidzo chorudo rwake? "Uyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa, uye ndichakupai zororo. Mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo unozvininipisa, uye muchawana zororo remweya yenyu" [Mateo 11:29]. Ko nhai mudikani uchatambira here chipo ichi chokuregererwa ugoponeswa?

Kana uchimuziva Jesu nechekare, uri kurarama here pasi pokuda kwake kwakanaka nouchenjeri hwake kuti akutungamirire muupenyu hunomufadza? [Inzwa hama yangu Jesu ndiye chete] Anounza rusununguko pose pose zvapo paanotonga! Handizivi hama yangu kuti kuuyu mubvunzo mukuru iwe unoti kudii? Unoti ndini aniko?" Iwe unoti kudii? Jesu uyu unomuti Ndianiko?"

Chivi Nekudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isayo 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, [VaRoma 6:11-14]; kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38,39; VaRoma 10:9,10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].

2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* [Isaya 55:7].

3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa unchaponeswa"* [VaRoma 10:9].

4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* [VaKorose 2:6].

YETEGYEREZE:

Abarikwetenga akatabo aka omu Rungyereza (English) nimubaasa kuhandiikira:

The Publisher
Herald of His Coming
P.O. Box 279
Seelyville IN 47878
USA